ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ГЪЛАНДЗЭРЭ КЪЫДОКІ

№57 (22.465) • 2013 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 30, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр сомИ 3-щ • adyghe@mail.ru adygnale.ru

КЪАНОКЪУЭ Арсен:

«Фэ щІалэгъуалэ минхэр къевгъэлащ»

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

КЪБР-м и Іэтащхьэм иригъэкІуэкІащ Наркотикхэм ятпэщІэтынымкІэ республикэм и комиссэм и зи чэзу зэІуІэр.

АР КЪЫЗЭІУИХРИ, Къанокъуэ Арсен псом япэу наркотикхэр зэрызэблагъэкІым кІэпыпль полицэм ехъэхъуащ Урысейм Наркотикхэр зэрызэблагъэкІым кІэпыпльпльынымкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэр къызэрызэрагъэпэщэн ильэси 10 зэрырикъумкІэ икІи а Іэнатіэр икъукІэ игъэзу къызэрызэІуахар къыхигъэщхьэхуКІащ. «Фэ лэжьыгъэшхэр евгъэкІуэкІащ икІи фи егупгуныгъэм и фІыгъэкІэ щІалэгъуалэ минхэм я гъащІэр хьума хьуащ», - жиІащ абы. Республикэм и Іэтащхьэм УФ-м Наркотикхэр зэрызэблагъэкІым кІэпыпльпльнымкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщІым и къудзэ, полицэм и подполковник Соловьев Николай КЪБР-м и ЩІыхь тхьпльр, Управленэм и лэжьакІуэ зыбжанэм фІыщІэ тхьпльхэр яритащ.

Управленэм и унафэщІ, полицэм и генерал-майор Кульбаев Руслан тепсэлъыхьащ наркотикхэр хабзэм кьемызэгъэу зэрызэблагъэкІыр къызэпыудынымкІэ 2012 гъэм зэфІагъэкІахэм. Хэхаэу абы къиІэтащ аптекэхэм я Іухэур. КъызэрызэблагъэкІымкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым кІуэу къаІэщ ящэну памыубыд, ауэ наркотик папщІэу къагъэсэбэп хущхъуэу лІэужьыгъуэхэр икІи аехэр аптекэхэм щащэ. Республикэм и наркологие диспансерым щатхащ апхуэдэ хущхъуэ лІэужьыгъуэхэм еса цІыху щхьхуэхэр.

Кульбаев Руслан комиссэм хэтхэм ягу къиГэкІыжащ хабзэ мардэ пыухькІахэр зэрыщІымыІэм къыхэкІыу Іэфы кІэхэм хальхьэ Іущхьэ жьлэу наркотик зыхэлъхэр куэду ящхэу зэрыщытар. Ар Терроризм пэщІэтынымкІэ комиссэм хэтхэм я зэфІэкІ зэхэлъкІэ къызэтрагъэувыІащ. Иджыри министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я къарур зрагъэуІупхъэщ аптекэхэм ухэнщагъэм зэран хуэхъу хущхъуэхэр щемыгъэщэнымк хуэунэтІащ. Адэкіэ доклад зыщІам нАІуэу къиГэльэгъуащ наркотикхэм я лъэныкъуэкІэ республикэм щыІэ щытыкІэр.

Наркотикхэр хабзэм кьемызэгъэу зэрызэблагъэкІыр къызэпыудынымкІэ, щІэблэр а щхьэхъ бзаджэм емыгъэубыдынымкІэ лэжьыпхъэхэм ящыщу КЪБР-м и Іэтащхьэм кьыхигъэщхьэхуКІащ наркотикхэм итхьэкъуаехэр къызэрыхатхыкІыр егъэфІэкІуэныр, наркотикхэр зэзыхьэлІэу щІэзыдза цІыхухэр, псом хуэмыдэу, ныбжьыщІэхэр, пасэу сэтей къащІыныр, а уэрфр зыпхырыхьахэр гъэхъужьыным нэхъ жыджэру елэжьныр.

Апхуэдэу Къанокъуэ Арсен къигъэващ цІыхухэр автобусхэмкІэ, таксихэмкІэ къеблэщхьэхэм я уэнэщагъэм кІэпыпль медицинэ лэжьакІуэхэр Іуэхум нэхъ егупгуу бгъэдыхьэну. «Мы Іуэхум нэхъ жыджэру къыхэфшэ КЪБР-м ТранспортымкІэ, связымрэ гъуэгу хозяйствомкІэ, Узынщагъэр хьумэнымкІэ и министерствэхэр, зыхуэфащэ адрей ведомствэхэр. Дэ тэмэму тщІэн хуейщ цІыхухэм я гъащІэр зи Іэмыщ1э итлъхьэ лэжьакІуэхэм я дуней тетыкІэр зыхуэдэр. Абыхэм наркотик зрихьэлІэу гурыщІхьэ зыхуэтщІ къыхэкІмэ, икІэщІыпІэкІэ зыхуэфащэ псори зэфІэгъэкІыпхъэщ. Абы ехьэлІащ ди щынагъуэнщагъэр». КЪБР-м и Іэтащхьэм апхуэдэу жиІащ республикэм и еджапІэхэми гулыпІэ хэха яГэуэтын зэрыхуейр.

Наркотикхэм япэщІэтынымкІэ къэрал комиссэм и Управленэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым и унафэщІ, полицэм и полковник Горьков Игорь УФ-м Наркотикхэм япэщІэтынымкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и унафэщІым и цІэкІэ наркотикхэр зэрызэблагъэкІым кІэпыпль органхэм зэрадзэпыкъым папщІэ Щ1ыхь тхьпльр КЪБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен, «Наркотикхэр зэрызэблагъэкІым кІэпыпль органхэм зэрадзэпыкъым папщІэ» медалыр КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Чеченов Ануар, «Урысейм Наркотикхэр зэрызэблагъэкІым кІэпыпльпльынымкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм ильэси 10 ирокъу» фэеплъ медалыр КЪБР-м Экономикэ, жылагъуэ щынагъуэщІапІэм и советым и секретарь Ещыгуаузэ Руслан, КЪБР-м и прокурор Жариков Олег сымэ яритащ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

●АПК

Проценти 6-кІэ хохъуэ

ИЛЪЭСЫМ и япэ мазитІым Къэбэрдей-Балъкъэрым гъэшу тонн мин 51,5-рэ къыщІалъэщ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елыпІагъэ проценти 6-м нэскІэ нэхъыбэщ. Тонн мин 32-м щІигъур уней подсобнэ хозяйствэхэм хуоуэ. Мэкъумэшыщ1э (фермер) хозяйствэхэм тонн мини 10, мэкъумэш предприятэхэм тонн мини 9,2-рэ къыщІашащ.

ЩІыщылэмрэ мазаемрэ къыпубдэу мэкъумэш Іуэхущ1апІэхэм жэмым хуэ5эу къыщІашым проценти 6-кІэ хэхъуащ икІи ар килограмм 691-м нэсащ.

КЪБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Палатэм хагъэхьэнухэр иджыри къыхах

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьет Налшык, Прохладнэ кьалэ округхэм щІыпІэ унафэр зезыГэкІуэ я органхэм я деж щІалэгъуалэ политикэмкІэ щыІэ чэнджэщэгъу органхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм кьабгъэдэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыІэ Щ1алэгъуалэ палатэм хагъэхьэнухэр иджыри къызэрыхахыр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыІэ Щ1алэгъуалэ палатэм теухуа Положениэм къызэригъэувыІуэ хуэдэу, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм яГэнахьэзыра документхэр 2013 гъэм мэлыжьыхьым и 16-м нэсыху кьащІыІах мы хэщІапІэмкІэ: *Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 55, пэш №309.*

■ Зэлущ1эхар ■ Щ1алэгъуэ ■ Спорт

КЪЭБЭРДЕЙ

■ ТВ, Радио нэтынхэр ■ Щ1бэт къыдж1ыгъуэ ■ Малъхъэдис

ГуфІэгъуэ пшыхьым

Балъкъэр лъэпкъым и къэщІэрэщІэжьныгъэм и махуэр Іэтауэ щагъэлъапІащ Налшык и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм.

КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд япэу къэпсэлъапІэр хуит хуащІащ икІи ар ди республикэм и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен балъкъэрхэм я маХуэшхуэм и ЩІыхьКІэ республикэм щыпсэухэм зэрызахуигъазэ тхыгъэм къеджащ. Абы итт ильэс 13-кІэ хамэ щІыналъэхэр зи псэупІэу щыта балъкъэр лъэпкъым къызэригъэзэжрэ блэкІа зэманым къриубыдэу экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ я лъэныкъуэкІэ зиужьыным хуэунэтІауэ абы екъуІэныгъэ нэрылъагъуэхэр къызэриХьар. Апхуэдэуи Правительствэми Парламентми я лэжьакІуэхэм къабгъэдэкІыу Къанокъуэ я абыхэм гуапэу екъуэхъурт.

1944 гъэм гъатхэпэм и 8-м ирагъэжьат балъкъэр лъэпкъым къыхущІа мурад бзаджэр гъэзэщІныр. Гъатхэпэм и 11-м Берие Сталиным жриІат балъкъэру 37103-рэ я хэкум зэрырашар. А хъыбарыр гущІыхьэ ящыхъуат цІыхубэм, псом хуэмыдэу экъор зыхъумэу фронтым Іутхэм. Апхуэдэу балъкъэрхэм псэупІэ яхуэхъуащ Къэзахстаныр (цІыху 16.684-м), Кыргызыстаныр (15.743-м), Узбекистаныр (419-м), Таджикистаныр (цІыхуи 4-м), Иркутск областыр (20-м), Ищхъэрэ щІыналъэ пхыдзар (14-м).

Совет правительствэм 1956 гъэм гъатхэпэм и 13-м къыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІа, а ильэс дыдэм щэкІуэгъуэм и 24-м КПСС-м и ЦК-м къищтащ «Къаламыкъ, къэрэшей, балъкъэр, щэшэн, ингуш лъэпкъхэм я лъэпкъ автономиер къызэгъэпэщыжыным и Іуэхуэ» зиІэр. Абы КІэльыкІуэ гъэм абы къару игъэтащ, республикэми Къэбэрдей-Балъкъэр ФІащыжри, балъкъэрхэм я хэкум къагъэзэжу щІадзащ.

Балъкъэр лъэпкъым и къэщІэрэщІэжьныгъэм и махуэр Іэтауэ щагъэлъапІащ 1994 гъэ лъандэрэ. А махуэм республикэм и кьалэхэми къыжьэхэми гуфІэгъуэ пшыхьым щІэщыгъуэт. Абы хэтащ «Кабардинка», «Балкария», «Гъэрч кьэзакъэр» ансамблхэр, Зеущ1э Іэуесрэ «Ийман» уэрэджьыкІуэ гупымрэ, Сокъур Ольгэ, Гергокаевэ Хьэлимэт, Аттаев Сэхьид, Кабардоковэ Зухра, Жабоевэ Замирэт, Абэнокъуэ Рустам, нэгъуэщІхэри. Пшыхьыр «Моя Кабардино-Балкария» уэрэд ІэрыІуэмкІэ зэхуащІыжащ.

ИСТЭПАН Залинэ.

●ЛъэпкъЩ Іуэху

Ефіакіуэ, «Адыгэ макъ»

ГЪАТХЭПЭМ и 26-м «Адыгэ макъ» лъэпкъ газетым ильэс 90 щрикъу маХуэр Іэтауэ Мейкъуапэ щагъэлъэпІащ. ЕкІуу къызэрагъэпэща дауэдапщэм кьрихьэлІат Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэ **Тхьэкіуашынэ Аслъэнджэрий**, Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутат **Патхьуэ Разиет**, Адыгеим и Къэрал Советым - Хасэм и тхьэмадэ **Нарожный Владимир**, АР-м и Правительствэм и унафэщІ **Кумпыл Мурат**, министрхэр, адыгэ интеллигенцэм и лыкІуэхэр, хамэ къэрал къикІыжа ди къуэушэ, КЪБР-м, КЫШР-м щыщ хьэщІэхэр.

Тхьэкіуашынэ Аслъэнджэрий жиІащ «Адыгэ макъыр лъэпкъыбзэм, хабзэм, тхыдэм я хуэмакІуэу зэрыщытыр икІи ахэр ефІакІуэныгъэкІэ газетым и гъэкІыжьхэр зэпыу имыІэу гъэкьыгъэшхуэ зэрагъэзащІэр. Пшыхьым кьрихьэлІа журналистхэм, газетыр кьыдэжьынкІэ зэрыщІидзэрэ зи гуащІэ хэзыгъэхьаэм абы фІыщІэшхуэ яхущІащ, хьуэхьу псалъэжІи захуигъэзащ.

«Адыгэ макъым» папщІэ псалъэ гуапэхэр жаІащ «Адыгэ псалъэ», «Черкес хэку» газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэу **Хьэфіыщ1э Мухьэмэдэр Тхьэгъэпсэу Увжькъуэрэ**, нэгъуэщІхэми. Пшыхьым концертышхуэ щатащ. Адыгеим и артист щІэрыІуэхэм.

ЙНЭРОКЪУЭ Данэ.

Гъатхэ лэжьыгъэхэм пэрохьэ

Джылахьстэнейм гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэм щыщІдзащ.

ТЭРЧ район администрацэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и управленэм и нэІэм щІэту иджыпсту хозяйствэхэм щІыгъэщІэрэхэмрэ жьалэхьэхэмкІэ зыкъыщІэзрагъэпэщ.

Гулыпитэ хэха хуащІ кьуажэдэс щІалэгъуалэр мэкъумэш лъэныкъуэм зэрыщІэзыдзэ щІыналъэм и щІыпІэ щыщ теПэжьмыщ1э, я гур зэуэ ехуэхащ.

Кьраджа полицэми, зэшыпхъуитІым я ныбжьэгъухэми кьаХуэгъуэтакъым дыгъур. Мис иджы, илъэс 15 дэкІуэ, Марго письмо къыхуэхІуащ. Абы ІэльынипІри дэлът, аэр зыдыгъуауэ щытари къелъэІурт кьыхуагъэгъуну. Ар хэтми зрагъэщІэнуи кьалъыхьэнуи и уж ихьакъым унагъуэр - абыхэм я дежкІэ нэхъыщхьэм щыжекІуэ транспортыр зыхэпщІу нэхъ мащІэхуащ.

Жылагъуэдэсхэм я гъэгъунэгъу кьатригъэпсынщІащ Зольскэ, Светловодскэ кьуажэхэр зэпызыщІэ гъэгъуэ иращыІа ремонтым. Кьапщтэмэ, щІыналъэ мыхьэнэ зиІэ гъэгъуу километри 6-м, муниципальнэу - 1,5-м лэжьыгъэ пыухькІахэр щрагъэжьІуэкІащ, гъуэгуГуэльагъуэ дамыгъэхэри щІэуэ щагъэуващ.

Хэрамхэр кьэгъэунэхури Іэщ1ыб ящІакъым - 2013 гъэм кьриубыдэу иджыри щІэуэ уэрэдыгъэ 30 фІадзэну я мурадщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Къэрал дамыгъэ къратащ

МАШИНЭ щІынымкІэ Іэнатіэм фІыщІэ ин зэрыщІэм икІи ильэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ Кузнецов Владимир Михаил и къуэм - «Кавказкабель» кабель завод» акционер зэгухьэныгъэ зэхуэщІам и генеральнэ директорым Урысей Федерацэм и Президентым 2013 гъэм гъатхэпэм и 19-м къыдигъэкІа Указ №243-мкІэ къыфІащащ «Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и машинэ ухуакІуэ» щІэ лъапІэр.



Дунейм щІыкІыІорхэр

ЦІэ лъапІэр къыдэхьжьным теухуауэ

УФ-м и Президент Путин Владимир хэтащ «Урысейпсо щІыхьэ фронт» зэгухьэныгъэм иригъэкІуэкІа конференцым.

«Іэмыкьгъэм и ЛІыхьужь» щІэр яту зэтеублэжьным теухуауэ абы къыщыхьалъхьа жэрдэмым и гугъу щищІым, къэрал унафэщІым жиІащ: «Сэ абыкІэ сыарэзыщ. Сыарэзы къудейкъым. Абы и унафэр мы махуэм къриубыдэу къэщтэн хуейуэ къызэлъытэ».

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, къэралым а цІэ лъапІэр къыщыдэхьжьным теухуа жэрдэм изгъабэ къыхилъхьауэ щыгащ УФ-м и Президентым и лІыкІуэу Урыс федеральнэ щІыналъэм щыІэ Холманских Игорь. Жылагъуэм и Іуэху епІыкІэхэр зыхуэдэр зэзыгъашІэ центрыр (ВЦИОМ) абы и ужькІэ цІыхухэм зэрахъуэщІыхьхам къызэригъэлъэгъажьмкІэ, зызыхуагъэзахэм я процент 67-м яФІэтэмэщ1 фІыуэ лажьхэм апхуэдэ гулыпитэ лъагэ хуащІынырт.

Ильэс 15 дэкІуэу

Хэт и гугъэнт?! Апхуэдэу жамыІэн яльэкІакъым фІадыгъуэ дыщрэхьІэр пощткІэ зыхуагъэхьыжа унагъуэм щІэсхэм.

ЩІАМ и Портленд кьаІэм щыпсэу Рифаен Марго и ныбжьыр ильэс щыкІуХ щрикъу махуэр яГэльэпІэну зэгурыІуэри, зэшыпхъуитІым я ныбжьэгъуэр кьрагъэблагъат. Я адэ-анэр щымыІэу ирихьэлІати, дауэдапщэр езыхэм нэгузыжьу зэфІагъэкІащ. Ауэ я адэшхуэанэшхуэхэм кьыхуагъэнауэ унагъуэм яІэ Іэльын лъапІэ дыдэу плІыр зэрыкІуэдар кьыщащІэм, я гур зэуэ ехуэхащ.

Кьраджа полицэми, зэшыпхъуитІым я ныбжьэгъухэми кьаХуэгъуэтакъым дыгъур. Мис иджы, илъэс 15 дэкІуэ, Марго письмо къыхуэхІуащ. Абы ІэльынипІри дэлът, аэр зыдыгъуауэ щытари къелъэІурт кьыхуагъэгъуну. Ар хэтми зрагъэщІэнуи кьалъыхьэнуи и уж ихьакъым унагъуэр - абыхэм я дежкІэ нэхъыщхьэр яФІэкІуэдар щрагъэжьІуэкІащ, гъуэгуГуэльагъуэ дамыгъэхэри щІэуэ щагъэуващ.

Хэрамхэр кьэгъэунэхури Іэщ1ыб ящІакъым - 2013 гъэм кьриубыдэу иджыри щІэуэ уэрэдыгъэ 30 фІадзэну я мурадщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 30, щэбэт

t Урысейм щагъэлъапІэ вулканологым и махуэр

t 1867 гъэм урыс пащтыкъ Александр ЕтІуанэм Аляскэр США-м ирищащ.

t «ЩІым и сыхьэт» акцэр иригъэкІуэкІ. А махуэм дунейм и дэнэ щІыпІи щІыхь мелуанхэм зэгъуэгъуэ уэздыгъэхэр щагъэнуКІыфІ, щІыуэпсым зэрыхуэсакъым, ЩІым ыкьдит хьугъуэфІыгъуэхэр зэрызэрагъэзахуэм я щІыхьэту.

t Москва щекІуэкІынущ Урысейм и Либерал-демократ партым и съезд.

t КЪБР-м щІыхь зиІэ и артист, уэрэджьыкІуэ **Дбагъуэ Хьэсэн** къызэралъхурэ ильэс 72-рэ ирокъу.

t ТхакІуэ, публицист, жылагъуэ лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КЪБР-м, АР-м, КЪШР-м щІыхь зиІэ я журналист **Хьэфыщ1э Мухьэмэд** и ныбжьыр ильэс 67-рэ ирокъу.

t УФ-м щІыхь зиІэ и артист, уэрэджьыкІуэ **Хьунэщрджэн Адбэч** и ныбжьыр ильэс 57-рэ ирокъу.

t «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ, КЪБР-м щІыхь зиІэ и журналист **ЖьэкІэмыхьу Марин** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэриты кІэ, Налшык пшэрэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 1 - 3, жэщым градус 1 - 2 щыхьунущ.

Гъатхэпэм и 31, *тхьэмахуэ*

t 1991 гъэм Варшавэ Зэгурыуныгъэм и Организацэр зэбгрыкІыпІащІыжащ.

t Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КБКЪМУ-м и профессор **Пыл Іуфее** и ныбжьыр ильэс 68-рэ ирокъу.

t Урысей эстрадэм и артист, УФ-м и щыхьэ зиІэ артист, Къэрал лэжьакІуэ, хьэрычэтыщІэ, псапащІэ **Къужьокъуэ Артур** и ныбжьыр ильэс 44-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэриты кІэ, Налшык пшэрэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 1 - 11, жэщым градусу 3 - 6 щыхьунущ.

Мэлыжьыхьым и 1, *блыщхьэ*

t Къуалэбзуэхэм я дунейпсо махуэщ

t Гуныпэм и махуэщ

t Урыс тхакІуэ щджащэ **Гоголь Николай** къызэралъхурэ ильэс 204-рэ ирокъу.

t УэрэджьакІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткъ, Адыгэ Республикэм и щІыхьэ зиІэ артистэ **Щ1ыуэ Роэ** къыщалъхуа махуэщ.

t Адыгэ Республикэмрэ КЪБР-мрэ щІыхь зиІэ я артисткъ, Щ1оджэнщІыкІу Алий и Щ1эр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ **КІуэкІуэ Елизаветэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэриты кІэ, Налшык уфащэ щыщытынущ, уэшх къыщещхьынущ Хуабэр махуэм градус 1 - 14, жэщым градусу 6 - 10 щыхьунущ.

Зыхьэхэзэрыфэр **ДЖАТОКЪУЭ Залинэ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Іуэху пщІыр Іуэху мэхъу.

●Фестиваль

Гушхуэныгъэрэ дэрэжэгъуэрэ къуату

ГушыІэм и махуэм, мэлыжьыхьым и 1-м, Налшык къалэ щекІуэкІынущ а жанрым и артистхэм я Кавказ Ищхъэрэ фестиваль, УФ-м и щІыхь зиІэ артист ТІыхьужь Алий и щІэр зезыхьэр.

МЫ ФЕСТИВАЛЫР Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалащхьэм иджы 21-нэрэ кьыщІэзэрагъэпэщ икІи мыгъэрей зэхьыхьэм зэхуищІэсынущ Шэшэн, Къэрэшей-Шэрджэс, Ингуш, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэм я театрхэм я артист пажэхэр.

Хабзэ дахэ зэрыхьуам тету, мэлыжьыхьым и яп махуэм Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм къызэІуихынущ «Зэныбжьэгъуэхэм я гушыІэ» зыфІаща а фестиваль.

Балъкъэрхэм я махуэшхуэр яIэт

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и гъатхэ махуэ нэхъ лъапIэ дыдэхэм ящыщщ Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэр. А гуфIэгъуэр балъкъэрхэм ящIыгъуу ягъэлъапIэ адыгэхэм, урысхэм, республикэм ис адрей лъэпкъ псоми.

Махуэшхуэм ирихьэлIэу КъБР-м ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ IапIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэм щрагъэкIуэкIа зэIущIэшхуэм кърихьэлIащ республикэм щыIэ лъэпкъ-щэнхабзэ центрхэм я унафэщIхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я пашэхэр.

«Гъэ къэс гъатхэпэм и 28-м Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псоми ягъэлъапIэ Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэр. Дэ дигу къыдогъэкIыж хэкум щрагъэкIам хэкIуэдахэр, апхуэдэу балъкъэрхэм я мызакъуэу лъэпкъ куэдым ираха лейр. Сыт хуэдэ гузэвэгъуэ хэтами, балъкъэрхэр хэкIуэдакъым, абы къыщымынэу, адэжь щIыналъэм къыщагъэзэжам щегъэжьауэ зэман кIэщIым къриубыдэу экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм ехъулIэныгъэ нэрылъагъухэр къыщахьащ икIи Урысейм и лъэпкъыбэм хуэфащэу хэувэжащ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр лъэпкъхэм я унагъуэ зэкъуэтщ. Дэ зым жиIэр адрейм зэхэтхыу, дызэгурыIуэу дыщытын хуейщ», - щыжиIащ а зэIущIэм КъБР-м цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Къумахуэ Мухьэдин.

ЗэIущIэм апхуэдэу къыщыпсэлъащ Хэку зауэшхуэм и ветеран Муллаев Шарафудин, «Туган Тел» тэтэр лъэпкъ-щэнхабзэ центрым и тхьэмадэ Савченкэ Саидэ, нэгъуэщIхэри.

ПЩЫГЪУЭШ Iэсият.

Псоми фIы къахудэкIуэну

МАХУЭШХУЭМ ехьэлIа Iуэхугъуэхэм пщэдджыжьым сыхьэти 10-м Тырныауз къалэ и зыгъэпсэхупIэ паркым щыщIидзащ. Аращ зэрытыр балъкъэр лъэпкъыр щрагъэкIым щыгъуэ хэкIуэдахэм я фэеплъ мывэр. Iуащхьэмахуэ куей администрацэм, политикэ партхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я унафэщIхэм абы удз гъэгъахэр тралъхьащ.

ИужькIэ «Тотур» стадионым «ЕфIакIуэ, си Балъкъэр!» зыфIаща зэхуэсышхуэм щыщIидзащ. Ар къыщызэIуихым, Iуащхьэмахуэ куей администрацэм и тхьэмадэ Малкаров Аслъэн махуэшхуэм къекIуэлIа псоми фIы къахудэкIуэну ехъуэхъуащ.

Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэм теухуа Iуэхугъуэхэм кърихьэлIащ КъБР-м и Правительствэм хэтхэр, Мэзкуу областым хиубыдэ Руз районым, Ингуш Республикэм, Къэрэшей-Шэрджэсым къикIа хьэщIэхэр, республикэм и Бахъсэн, Прохладнэ районхэм и лIыкIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ я артистхэу Теппеев Алим, Жашуев Башир, Сокъур Ольгэ, Байкулов СулътIан, Батчаевэ Лидие сымэ зыхэт концертышхуэр здекIуэкIым, республикэм и байкер зэщIэхъееныгъэм хэт ныбжьыщIэхэм, балъкъэр лъэпкъым и ныпымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэракъымрэ яIыгъыу, мотоцикл зытесхэмкIэ стадионыр зыбжанэрэ хъурейуэ къажыхьащ.

Махуэшхуэр игъэдэхащ «Балъкъэр пщIантIэ» гъэлъэгъуэныгъэми. Абдежым Iуащхьэмахуэ куейм и лъахэхутэ музейм и лэжьакIуэхэм япщэфIа лъэпкъ шхыныгъуэхэм ящыщ къызэхуэсахэм щыIуагъэхуащ.

А махуэм ягъэджэгуа лотереем и саугъэт нэхъыщхьэр, «Лада Грант» автомобилыр, Тырныауз щыщ Хутэ Азэмэт къихьащ.

Пщыхьэщхьэм ЩэнхабзэмкIэ унэм и гупэм къит утым «Гъагъэ, си Балъкъэр!» гуфIэгъуэ джэгушхуэ щекIуэкIащ.

ТАРИМ Алисэ.

ХьэщIэ я куэдт

БАХЪСЭН куейм хыхьэ Жанхъуэтекъуэ къуажэм гъатхэпэм и 28-м Iэтауэ щагъэлъэпIащ Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэр. Къуажэдэсхэм ехъуэхъуну къахуеблэгъащ КъБР-м ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр **Гызыев Берт**, КъБР-м и Архив къулыкъущIапIэм и унафэщI **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**, Бахъсэн щIыпIэ самоуправленэм и унафэщIым и къуэдзэ **Iэхъуэбэч Андзор**, «Урысей зэкъуэтым и щIэблэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и лIыкIуэу куейм исхэр, нэгъуэщIхэри.

«Илъэс зыбжанэ хъуауэ гъатхэпэм и 28-р ди республикэм Iэтауэ щагъэлъапIэ - залымыгъэкIэ я хэкум ирагъэкIауэ щыта балъкъэр лъэпкъыр СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и унафэкIэ мы махуэм я хэкум къагъэзэжауэ щытащ», - къуажэ администрацэм и унафэщI **Малкаров Магомед** зэIущIэр къыщызэIуихым кърихьэлIахэм иджыри зэ ягу къигъэкIыжащ тхыдэм и напэкIуэцI гуузхэр. Бахъсэн куей администрацэм и щIыхь тхылъхэр Iэхъуэбэч Андзор яритащ Ветеранхэм я советым и унафэщI Байзуллаев Муссарэ хьэрычэтыщIэ Узденов Iэминрэ. Абы къищынэмыщIауэ, куей IуэхущIапIэм щыIэхэм къуажэдэсхэм зэрыхуейуэ къагъэсэбэпыну ахъшэ тыгъэ хуащIащ. Iуэху гуапэ ирахьэжьам къыпищащ къуажэ администрацэм и унафэщI Малкаров Магомед. «Жанхъуэтекъуэ къуажэм щIыхь зиIэ и цIыху» цIэ лъапIэр фIащащ КъБР-м Мэкъумэш хэзяйствэмкIэ и министр Къаздэхъу Альберт, республикэм и Жылагъуэ палатэм хэт Нэхущ Заурбий, экономикэ щIэныгъэхэм я кандидат, я къуажэгъу Къущхьэ Хьид, ухуакIуэ IуэхущIапIэм и унафэщI Локьянов Рашид сымэ.

Къуажэ школым музыкэмкIэ и егъэджакIуэ Ахъмэт Эльвирэ я унафэщIу къызэрагъэпэща нэгузегъэужь концерт къызэхуэсахэм ирагъэлъэгъуащ.

АЛОКЪУЭ Аринэ.

Къэрал къулыкъущIапIэхэм

ЛэжьакIуэм и узыншагъэр хъумэныр теухуауэ

КъБР-м ЛЭЖЫГЪЭМРЭ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм иджыблагъэ щызэхэтащ лэжьыгъэр хъумэнымкIэ ведомствэхэм зэдай республикэ комиссэм и зэIущIэ. Абы кърихьэлIащ зыхуэфащэ министерствэхэм, ведомствэхэм я лIыкIуэхэр, лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ къалэ, район управленэхэм я унафэщIхэр. ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Голочалов Николай.

Предприятэхэм фэбжьу къыщыхъумрэ цIыхухэм лэжьыгъэм къыхах узыфэхэмрэ гъэмэщIэным пыщIа Iуэхухэр дэгъэкIыным текIуэдэну ахъшэр хухэхыным теухуауэ къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ УФ-м Социальнэ страхованэмкIэ и фондым и щIыналъэ къудамэм и лэжьакIуэ Энеев Руслан. Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, 2013 гъэм страховой тарифхэм кIэрагъэхухэмрэ щIагъухэмрэ къабжащ щIэуэ зэхалъхьа методикэм тету. Абы теухуа документым - «IэнатIэхэм къыщыхъу щIэщхъухэмрэ профессиональнэ узыфэхэмрэ ятеухуа фIэкIыпIэ зимыIэ страхованэм и тарифхэм кIэрагъэхухэмрэ щIагъухэмрэ къызэрабж методикэр къэщтэным и IуэхукIэ» УФ-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и унафэм 2012 гъэм фокIадэм и 12-м щегъэжьауэ къару игъуэтащ. Иджы страхованэ езыгъэкIуэкIхэм жэуап яхьынущ СтрахованэмкIэ фондым и къудамэм къиутIыпща ахъшэр зытрагъэкIуэдамкIи, а ахъшэр нэсу къызэрагъэсэбэпамкIи.

КъБР-м ЛэжьыгъэмкIэ и къэрал инспекцэм и унафэщIым и къуэдзэ Тхьэбысым Тимур тепсэлъыхьащ лэжьыгъэмкIэ законодательствэм лэжьыгъэр хъумэнымкIэ Iуэхухэм ехьэлIауэ ахъшэр зэрыхухах и Iыхьэр гъэзэщIа зэрыхъум. Абы зэрыжиIамкIэ, унафэщIхэм я нэхъыбэм мы лэжьыгъэм хухахыр псори зэфIэкIа нэужь къахуэнэж ахъшэрщ. Къапщтэмэ, 2012 гъэм къэпщытэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым апхуэдэ ныкъусаныгъэу 25-рэ къыщIагъэщащ. Законодательствэм лэжьыгъэр хъумэным пыщIа Iуэхухэр дэгъэкIыным ахъшэ зэрыхухах щIыкIэм теухуауэ къыщыгъэлъэгъуахэр зэрамыгъэзащIэм къыхэкIыу, къулыкъу зыIыгъ цIыхухэр, апхуэдэу юридическэ IэнатIэхэр жэуап ткIийм ирашалIэ, языныкъуэхэм деж оборудованэ пыухыкIар, лэжьапIэ IэнатIэ хэхар е зэрыщыту предприятэр къыщагъэувыIэ къохъу.

Голочалов Николай кIэщIу тепсэлъыхьащ лэжьыгъэр хъумэнымкIэ законодательствэм къигъэувхэр зэрагъэзащIэм теухуа кIэлъыплъыныгъэм. Абы жиIащ апхуэдэ кIэлъыплъыныгъэ езыгъэкIуэкI IэщIагъэлIхэр Iуэхум хуэхьэзыру зэрыщытыпхъэр. Апхуэдэ къэпщытэныгъэхэр зэрырагъэкIуэкI щIыкIэм теухуа зыхуэфащэ щIэныгъэхэр нобэм ирихьэлIэу ирагъэгъуэтащ Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ министерствэм, Спортымрэ туризмэмкIэ министерствэм, Мэкъумэш хозяйствэмкIэ министерствэм, Промышленностымрэ сатумкIэ министерствэм я IэщIагъэлIхэм.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ,
КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.

ЗэпыщIэныгъэхэр

Мазищ къэс зэхуэзэнущ

КЪЭРАЛ кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм, Урысей МВД-м Ставрополь краймкIэ и Управленэ нэхъыщхьэм я лIыкIуэхэм я зэIущIэ Прохладнэ къалэм щекIуэкIащ. Абы кърихьэлIащ гъунэгъу щIыналъэхэм я полицэм, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ щIыналъэ органхэм, къулыкъущIапIэхэм, IэнатIэхэм я унафэщIхэр.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэм и къуэдзэ полицэм и полковник **Тату Къазбэч** къызэхуэсахэм защыхуигъазэм къыхигъэщащ зэгъусэу зэIущIэхэр ирагъэкIуэкIыныр хабзэ зэрахуэхъуар.

- Ар сэбэпщ икIи мыхьэнэшхуэ зиIэщ, хабзэхъумэ IэнатIитIыр зэрызэдэлэжьэну щIыкIэхэр убзыхунымкIэ, - жиIащ Татум.

ЗэIущIэм хэтахэр тепсэлъыхьащ террор, экстремист, нэгъуэщIым и мылъку, автотранспорт, Iэщ ядыгъуным пыщIа щIэпхъаджагъэхэр къызэпыудыным, гъущIхэкIхэр, мэкъумэш продукцэхэр хабзэм къемызэгъыу зэрагъэкIуэкIыным теухуа Iуэхугъуэхэр сэтей къэщIыным, щэхуу ирагъэкI фадэхэкI нэпцIхэр, щыдагъэхэкIхэр къатехыным хуэунэтIа лэжьыгъэр зэгъусэу къызэрагъэпэщыным.

Зытепсэлъыхьахэм теухуа я Iуэху еплъыкIэхэмкIэ зэдэгуэшащ зэIущIэм кърихьэлIахэр икIи унэтIыныгъэ псоми теухуа унафэ уэзщIахэр къащтащ.

Урысей МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу Ставрополь крайм щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ полицэм и полковник **Поминов Сергей** гуапэу зэрырагъэблэгъам, лэжьыгъэ купщIафIэ зэрырагъэкIуэкIам папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ я лэжьэгъухэм фIыщIэ яхуищIащ.

- Гъунэгъу щIыналъэм и полицэм Урысей Ипщэм хабзэр къыщызэрагъэпэщ. Зэкъуэту дызэдэлажьэмэ, зэрыщыту Кавказ Ищхъэрэм щытыкIэ зэпIэзэрыт щыIэным дыхуишэнущ,- къыхигъэщащ Поминовым.

Зэгъунэгъу щIыналъэхэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и органхэм я лIыкIуэхэм я зэIущIэхэр мазищ къэс зэ ирагъэкIуэкIынущ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Жылагъуэ

Сом мини 10 хухах

КъБР-м и IЭТАЩХЬЭМ деж щыIэ Граждан жылагъуэ институтхэм зегъэужьынымрэ цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ комиссэм и зэIущIэм тезырыр щагъэзэкIуэж колониехэм щрагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къриклуахэм щытепсэлъыхьащ, цIыхухэм зыкъызэрыхуагъэзахэм щыхэплъащ.

Комиссэм жэуап зыхь и секретарь Беппаев Суфьян къыхигъэщащ тезырхэр щагъэзэкIуэж IэнатIэм и лэжьыгъэр иужь зэманым хэпщIыкIыу зэрефIэкIуар. Ахэр къагъэлъагъуэ республикэм и лъэхъуэщхэм щрагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм. Иужьу щIапщытыкIащ тезырхэр щагъэзэкIуэж колоние №1, №3-хэм икIи къэпщытакIуэ гупым цIыхум и хуитыныгъэхэр къыщызэпауда къихутакъым. ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ Европей конвенцэм къигъэувхэр IуэхущIапIэхэм щагъэзащIэ.

А псоми къадэкIуэу гупым къыхигъэщащ Iуэхугъуэ зыбжанэ зэфIэхыныр щызэрыгъэкIуэн зэрыхуейр. Абыхэм ящыщщ производствэ цехиблыр заказхэмкIэ къызэгъэпэщыныр, иджыпсту узэщIауэ лажьэр щыдэ IэнатIэрщ. КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм хуагъэлъэгъуащ ещанэ колонием и макъамэ гупым IэмэпсымэхэщIэр къищэхунымкIэ зыщIигъэкъуэну. Къыхалъхьащ колоние №3-м и административнэ унэр зыхуей хуэгъэзэным, абы и подвалыр я лэжьакIуэхэм я спорт пэшым хуэщIыным Тезырхэр ирегъэхьэкIынымкIэ федеральнэ къулыкъум мылъку хухихыныр къаIэтыну. Къищынэмыщ Iауэ къагъэлъэгъуащ колоние №1-м щауху офицерхэм я унэр и кIэм нагъэсыныр федеральнэ IэнатIэм къыщыгъэлъэгъуэн зэрыхуейр.

ЗэIущIэм щыхэплъащ псыдзэм и зэран зэкIа гундэлэндэс Будаев Камал закъызэрыхуигъэзам. Къыхалъхьащ абы и щIы кIапэр зыхуей хуэгъэзэжын папщIэ гъущI бетон куб 30 хухахыну икIи накъыгъэм и 1-м ирихьэлIэу зэтекъута псыIуфэ быдапIэр зэфIагъэувэжыну.

Апхуэдэуи комиссэм унафэ къищтащ «Политикэ репрессием и лей зытехьахэм я реабилитацэм теухуауэ» законым ипкъ иткIэ Бахъсэн къалэ щыщ Дым Замир сом мини 10 хухахыну.

МЕЧИЕВ Асхъэт.

«Си лъахэр згъуэтыжмэ, абы нэхъ жэнэт сыхуэмей!»

ЗИ ГУГЪУ сщIыр цIыхубз хьэлэмэт Геляевэ Елизаветэ Рэмэзан и пхъурщ. Абы и сабиигъуэр хиубыдащ балъкъэрхэм я тхыдэм гуауэу къыхэна лъэхъэнэм, а лъэпкъым лей къыщытехьам. Зи сабиигъуэмрэ щIалэгъуэмрэ хамэ щIыпIэм щызыхьа цIыхубзым и насып къихьри, и хэку къигъэзэжауэ унагъуэ дахэу Балъкъэр Ипщэ къуажэм щопсэу.

Елизаветэ и гъащIэ гъуэгуанэр къэбгъэлъэгъуэну ухуежьэмэ, абы и лъэныкъуэ псори къызэщIумыубыдэфыну къысщохъу, апхуэдэу ар къулейщи! Абы и псэ хьэлэлагъыр, и акъыл жаныр, и унагъуэ зехьэкIэр, цIыху хэтыкIэ дахэр - а псоми я гугъу пщIы пэтми, жыпIа псори мащIэ дыдэщ, а цIыхубзым дэплъагъу щытыкIэм, и дуней тетыкIэм елъытауэ. Нэхъ гъунэгъуу зэбгъэцIыхуну ухуежьэмэ, ар цIыху нэжэгужэщ, псэлъэгъуфIщ. Ауэ Елизаветэ и гъащIэр нэжэгужэу екIуэкIакъым.

- СощIэж: си анэ тхьэмыщкIэр жэщым къысщхьэщыхьэри сыкъигъэушауэ сихуапэрт. Абы и нэпсыр къыщIэжырт, и Iэблэ лъэныкъуэм си шыпхъу нэхъыщIэ цIыкIу Зое тест. Си гукъэкIыжхэм гъащIэм и зы Iыхьэ хэхуащ, къысхуэгубзыгъыжыркъым. АдэкIэ си нэгу къыщIэувэжыр мыращ: губгъуэ нэщIышхуэм къыщызыхь сабийхэр, гуауэр зи нэгум кърих балигъхэм дыуэ ящI, дунейм ехыжа я Iыхьлыхэр щIалъхьэ, - игу къегъэкIыж Елизаветэ.

Хамэ щIыпIэ жыжьэм ягъэIэпхъуа цIыхухэр гъуэгу кIыхьым хуэхьэзыртэкъыми, нэхъыбэм къайхьэлъэкIат. Геляевэм и унагъуэми къыпикIухьакъым а бэлыхьым: абы и дэлъху, и шыпхъу цIыкIухэр дунейм ехыжащ, а гуауэр зи псэм къытехьэлъа анэми куэд ихьыжакъым. И адэр зауэр къызэрыхьейуэ фронтым Iуувэри хэкIуэдащ. Зеиншэу къэна Елизаветэ Сабий унэм иратащ. ГъэсакIуэхэм, егъэджакIуэхэм я Iэ щабэхэр гукъинэ зыщыхъуа цIыхубзым а зэманыр гуапэу и нэгу къыщIохьэж. Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIа сабийхэм яку дэлъа гущIэгъумрэ зэныбжьэгъугъэмрэ зэманыр къызэранэкIри, ди лъэхъэнэм къахьэсауэ, ахэр зэрощIэ, языныкъуэхэри зэкIэлъокIуэ, зэролъагъу.

- Си бзэм и макъ япэу щызэхэсхар сощIэж, - жеIэ Елизаветэ. - Сабий унэм щIалитI нэкIуат, саугъэтхэр куэду яIэщIэлъу. Пэшышхуэм щызэхуэса зеиншэхэм куэд щIауэ зэхэдмыха бзэмкIэ къыдэпсэлъащ. Ахэр зэрыпсалъэр си анэдэлъхубзэрт. Ди хьэщIэхэм, Кулиев Къайсынрэ Уянаев Къэнэмэтрэ, къыдажаIэрт: «Уадэшхуэр сыджым щеуэкIэ, абы къыщIэльэль хъуаскIэхэм хуэдэу зэбгрылъэлъащ ди лъэпкъыр. ДынывэлъэIу фи анэдэлъхубзэр зыщывмыгъэгъупщэну».

- А зэманым быдэу къызгурыIуащ: си лъахэр згъуэтыжмэ, абы нэхъ жэнэт сыхуэмей, - жеIэ Елизаветэ.

Геляевэм и гъащIэм и пычыгъуэ щхьэхуэхэм я гугъу ищIкIэрэ, абы ди нэгу къыщIегъэувэж а лъэхъэнэм лъэпкъ псом и дежкIэ мыхъумыщIагъэу хэльар. ГъэщIэгъуэнракъэ, а цIыхубзым илъэгъуа гугъуехьхэм абы и гур ираудакъым, атIэ гъащIэр, и лъахэр фIыуэ зэрилъагъур къыуигъащIэу, и гъуэгур абы триухуащ. Къыргъызым курыт школыр къыщиухри, Таджикистанми щеджащ Елизаветэ. Ленинабад къалэм щыIа текстиль техникумым IэщIагъэ щызригъэгъуэтащ, абы и ужькIэ шылэ щэкI щызэIуащэ комбинатым щылэжьащ. Пасэу унагъуэ ихьащ, щхьэгъусэ хуэхъуа Геляев Ибрэхьимрэ Елизаветэрэ бынитху зэдагъуэтащ.

- Ди унагъуэшхуэм нэмысрэ зэгурыIуэрэ илъу, ди сабийхэр гъэсауэ, щIэныгъэ ябгъэдэлъу къэгъэхъунымкIэ щIэгъэкъуэнышхуэ къысхуэхъуащ адэфIым и щапхъэ си щхьэгъусэр, - жеIэ Елизаветэ.

Балъкъэр Ипщэ къуажэм и колхозыр щызэфIэгъэувэжыным, ар егъэфIэкIуэным хуабжьу хэлэжьыхьащ, IэнатIэ куэдым пэрытащ а цIыхубзыр. Абы къыдэкIуэу, жылагъуэ лэжьыгъэми хуабжьу зритри, къуажэми, куейми, республикэми цIэрыIуэ щыхъуащ. Шэрэдж районым щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и унафэщIу щылэжьа зэманми, нобэкIэ ЦIыхубзхэм я зэгухьэныгъэу я къуажэм щыIэм и нэхъыщхьэ IэнатIэм щыпэрытми, Геляевэм гулъытэ нэхъыщхьэ зыхуищIхэм ящыщщ ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэхущытыкIэр егъэфIэкIуэныр, унагъуэм, сабий гъэсэным, унэгуащэхэм сыт и лъэныкъуэкIи защIэгъэкъуэныр.

Зи гугъу сщIы цIыхубз хьэлэмэтым бгъэдэлъ зэчийм и гугъу сщIынут - Елизаветэ тхэн фIэфIщ икIи фIы дыдэу ар къохъулIэ. Абы и очеркхэр, статьяхэр къэралым, республикэм къыщыдэкI газет куэдым къытрадзэ. 2001 гъэм «Черекское ущелье - колыбельная песнь моя» тхылъыр къыдигъэкIащ. Геляевэр УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, фIыщIэ тхылъ зыбжанэ къыхуагъэфэщащ.

Унагъуэ дахэкIэ Тхьэр зыхуэупса Геляевхэ я бынхэм щIэныгъэ ябгъэдэлъу, цIыхум пщIэ къыхуащIу лэжьыгъэ IэнатIэ ирахьэкI. Хъыджэбз нэхъыжьыр, Ариукэ, филологие щIэныгъэхэм я докторщ, КъБКъУ-м и профессорщ. Арюжан къалэм щыIэ шхапIэхэм языхэзым щолажьэ, Фаризэт курыт школым урысыбзэр щрегъэдж. Кънэмэт къуажэм щIым щытолэжьыхь, щIалэ нэхъыщIэ Чомай курыт школым географиемрэ экономикэмрэ сабийхэм щрегъащIэ. Къуэрылъху-пхъурылъхуми 14 иIэщ Елизаветэ, абыхэм я гъэсэныгъэми жыджэру хэтщ.

Дэтхэнэ анэми и хъуэпсапIэ нэхъыщхьэу щытщ мамыр гъащIэр, унагъуэ узыншэр, бын насыпыр. Зи гугъу сщIы псоми Елизаветэ къыгуэх имыIэу дыщIегъу лъэпкъым и зыужьыныгъэр. Сыт хуэдэ гугъуехьри хьэзабри къызэзынэкIыфа, цIыхубз пэрытым и щапхъэу балъкъэр лъэпкъым къыхэкIа Геляевэ Елизаветэ дохъуэхъу щIэблэм я дахэрэ я IэфIрэ щымыщIэу и унагъуэм куэдрэ ящхьэщытыну.

ЩОДЖЭН Iэминат.

Гъуазджэ



Кином фрагъэблагъэ

«ДАХАГЪЭ» киноклубым хъыбар дфегъащIэ гъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэт зэрыщыIэнумкIэ. КъБКъУ-м и Учебнэ театрым утыку къыщрахьэнущ Италием щыщ режиссер Викторрио де Сикэ и «Чудо в Милане» фильмыр. Ар къызэзыгъэпэщахэм зэрыжаIэмкIэ, абы къыптемыхьэлъэу уоп-лъыф икIи купщIэ иIэщ.

«Чудо в Милане» (1951 гъэ) фильмым тхыдэр лъабжьэ хуэхъуащ. Ар теухуащ тхьэмыщкIэхэм ядэIэпыкъу, насып къахуэзыхь лIыхъужь нэхъыщхьэ Тито и псэукIэм, зыхузэфIэмыкIхэм я къыщхьэщыжакIуэу зэрыщытым, я хъуэпсапIэхэм лъэIэсыным ар зэрыхущIэкъум.

КъБКъУ-м и Учебнэ театрым (физмат, 3-нэ къат) мы фильмыр нобэ щагъэлъэгъуэнущ.

КъБР-м ХъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.

КъБР-м и Пенсэ фондым

Зэраубзыхуам тету

УРЫСЕЙ Федерацэм и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм нобэ ирихьэлIэу унафэ къищтащ анэ (унагъуэ) мылъкум и сертификату 35 773-рэ итыну. Анэм хухах ахъшэр мы гъэм сом мин 408-рэ 960,50-рэ мэхъу. Нэхъыбэм абыкIэ псэупIэ кредитхэр зытрагъэкIыж. Псори зэхэту республикэм щыщ унагъуэ 13724-м а Iэмалыр къагъэсэбэпащ.

Къыхэгъэщыпхъэщ анэм хухах ахъшэр нэхъыщхьэу зыхалъхьэну Iуэхур зыгъэбелджыла унагъуэхэм я тхылъу (заявкэу) 22008-рэ 2010 гъэ лъандэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Пенсэ фондым къызэрыIихар. Абы щыщу 7366-р кредит мылъку хэмыту я псэупIэхэр егъэфIэкIуэным теухуащ.

Сабийхэр ирагъэджэн папщIэ къудамэм ирата заявкэ 73-м сом мелуани 7-рэ мин 487,6-рэ хуозэ. Тхылъитхум япкъ иткIэ, сом мелуанрэ мин 42,75-рэ анэхэм я къэкIуэну пенсэм и зэзыгъэуIу Iыхьэм халъхьащ.

УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-IуэхущIапIэ.

Тхэквондо

Медаль зэмылIэужьыгъуэу 8

ГЪАТХЭПЭМ и 15-18-хэм Псыхуабэ щекIуэкIащ тхэквондомкIэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм пашэныгъэ къыщыхьынымкIэ зэхьэзэхуэ зэIухарэ чемпионатрэ. Абы КИФЩI-мрэ Ипщэ Федеральнэ округымрэ я команди 10, псори зэхэту спортсмен 250-рэ хэтащ.

МахуиткIэ екIуэкIа зэхьэзэхуэм КъБР-м и командэ къыхэхам етIуанэ увыпIэр щызыIэригъэхьащ. Хэгъэрейхэм бжыыпэр яубыдащ.

Зэпеуэхэм кърикIуахэмкIэ КъБР-м и гупым къаIэрыхьащ медаль зэмылIэужьыгъуэу 8: дыщэу 2, дыжьыну 3, жэзуи апхуэдиз.

Я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта зэхьэзэхуэм дыщэ медаль къыщахьащ Дол Дианэрэ Дыгулыбгъу Аслъэнрэ. ЕтIуанэ хъуащ Дыкъынэ Мухьэмэд, Рэмэзан Залымджэрий, Элекуевэ Iэсият сымэ. Дыкъынэ Заурбэч, Маргъущ Замир, Мамбэт Альбинэ сымэ жэзыр къаIэрыхьащ.

ЕхъулIэныгъэ зиIа спортсменхэр я гъэсэнщ тренерхэу Балэ Аслъэнбийрэ Шал Валерэрэ.

Каратэ киокусинкай

ЕхъулIэныгъэ яIэщ

НЕВИННОМЫСК щекIуэкIащ каратэ киокусинкаймкIэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и зэхьэзэхуэ. Урысейм и щIыпIэ 15-м я спортсмен 200-м щIигъу зыхэта зэпеуэм ехъулIэныгъэ щызыIэрызыгъэхьахэм къэралым и чемпионатым кIуэну Iэмал ягъуэтащ.

КъБР-м и щIыхьыр яхъумащ Шэрджэс Заурбэч зи унафэщI Специализированнэ комплекснэ спорт школым и гъэсэнхэм. Абыхэм зэфIэкI яIэу зыкъагъэлъэгъуащ, икIи я тренерхэр ягъэукIытакъым. ГуащIэу екIуэкIа зэхьэзэхуэм ди спортсмен ныбжьыщIэхэм командэ зэпеуэм ещанэ увыпIэр щызыIэрагъэхьащ. Я хьэлъагъ елъытауэ бжыыпэр яубыдащ Авестиян Карэн, Iэтэ Ислъам, Тхьэлыджокъуэ Темыркъан, Диденкэ Михаил, Къалэбэч Исмэхьил сымэ. ЕтIуанэ хъуащ Голишев Никитэ, Мусукаев Жамболэт, Шорэн Къаплъэн, Бекъан Хьэбас, Мэршэнкъул Къантемыр, Нагъуэ Исуф сымэ. Куэшмэн Аланрэ Диденкэ Анатолэрэ ещанэ увыпIэр зыIэрагъэхьащ.

Зэхьэзэхуэм и спортсмен нэхъыфI хъуащ Къармокъуэ Амурбэч и гъэсэн Iэтэ Ислъам.

ЕхъулIэныгъэ къэзыхьахэм я тренерщ Къармокъуэ Амурбэч, Джинчарадзе Зураб, Кетоев Таймураз сымэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

IэщIагъэлIым и псалъэ

Зэрызэрахьэм елъытащ

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР мэкъумэш щIыналъэм дежкIэ гъавэ щIапIэхэм я мыхьэнэр къэIуэтэгъуейщ, сыту жыпIэмэ, ахэр псэуныгъэр къызэзыгъэпэщ Iуэхугъуэхэм я лъабжьэщ цIыхухэм я экономикэ, социальнэ зэIузэпэщыныгъэм я шэсыпIэщ.

Нобэ ирихьэлIэу республикэм мэкъумэш щIапIэу гектар мин 710-м щIигъу иIэщ. Абы щыщу гектар мин 626,4-р къагъэсэбэп: вапIэр гектар мин 287,6-рэ, илъэс куэдкIэ къызыпыкIэ жыг хадэхэр гектар мини 7,9-рэ, мэкъупIэхэр гектар мин 60,7-рэ, хъупIэхэр гектар мин 270,2-рэ мэхъу.

Республикэр ерыскъырэ мэкъумэшхэкIхэмкIэ ирикъуу къызэгъэпэщыныр, ахэр фейдэ пылъу, зэгъэзэхуауэ зэрызэрахьэм фIэкIыпIэншэу епхащ. Абы къыхэкIыу, Урысейм Мэкъумэш кIэлъыплъыныгъэмкIэ и IуэхущIапIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр гъавэ щIапIэхэмрэ жылагъуэхэм щаIыгъ щIы Iыхьэхэмрэ ехьэлIауэ УФ-м щIымкIэ и законодательствэр зэрагъэзащIэм кIэлъоплъ.

Нэгъабэ къэпщытэныгъэ 676-рэ ирагъэкIуэкIащ, мэкъумэш щIапIэу гектар мини 119,9-м я щытыкIэм кIэлъыплъащ. Ныкъусаныгъэ 217-рэ къахутати, ахэр ирагъэгъэзэкIуэжын папщIэ, къуаншэхэм тхылъи 190-рэ хуатхащ. ЩIыр тэмэму зезымыхьэхэм къыIахыжри, гектар мини 2,8-м щIигъу къэралым иратыжащ.

Инспекторхэм къыщIагъэщ гъавэ щIапIэхэр зыгъэхьэулейхэр, удзыжьрэ чыцэкIэ зэщIэзыгъэкIэжхэр, кIэрыхубжьэрыху идзыпIэ зыщIхэр, ухуэныгъэ е нэгъуэщI лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIкIэ зэрыхуейуэ щIым и щхьэфэ нэхъыфIхэр тезыххэр. Мэкъумэш щIапIэхэр кIэрыхубжьэрыху зэхуэхьэсыпIэ зэращIым шынагъуэ пылъщ, щIыр Iисраф мэхъу, абы и фIагъым кIэроху, щIыгур еубэ. КъищынэмыщIауэ, пхъэнкIий идзыпIэхэм щIы щIагъ псыхэр яуцIэпI, узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэм зрагъэубгъу, цIыхум и гъащIэм, и узыншагъэм, псэущхьэхэм, къэкIыгъэхэм, дыкъэзыухъуреихь дунейм зэраныгъэшхуэ къыхуахь.

2011 - 2012 гъэхэм планкIэ къэпщытэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым мэкъумэш щIапIэу гектар 14,7-м пхъэнкIий идзыпIэ IэрыщIрэ ухуэныгъэм и кIэрыхубжьэрыху зэхуэхьэсыпIэу 33-рэ къыщахутати, ар зи зэран унафэщIхэм административнэ жэуап ирагъэхьащ. Хуатха тхылъхэм япкъ иткIэ, а щIыпIэхэр ягъэкъэбзэжащ, зыхуей хуагъэзэри гъавэ щIапIэхэм хагъэхьэжащ.

МэкъумэшхэкIхэм я шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщын мурадкIэ, химие веществохэмкIэ яуцIэпIа щIыхэр къахутэ. Я щытыкIэр къапщытэн папщIэ, гектар мини 2,3-м щIы лIэужьыгъуэ 230-рэ къыхахри «Краснодар и МВЛ» ФГБУ-м нэгъабэ иратащ. Яджа нэужь, шынагъуэ зыпылъ химие веществохэр мардэм щIигъуу къахутакъым.

Урысейм Мэкъумэш кIэлъыплъыныгъэмкIэ и къулыкъущIапIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр управленэм щIы къэпщытэныгъэмкIэ и къудамэм и IуэхущIафэр хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ щIэх-щIэхыурэ хэлъущIыIу дощI: радиомрэ телевиденэмрэ дыкъыщопсалъэ, республикэ, район газетхэм ди тхыгъэхэр къытыдодзэ, ахэр ди сайтым щызэбгрыдогъэх.

Ди IэнатIэм и къалэн нэхъыщхьэр щIым телэжьыхьхэм ар фейдэ пылъу, зэгъэзэхуауэ къагъэсэбэпыныр, и фIагъыр яхъумэныр, и къэуатым хагъэхъуэжыныр къызэгъэпэщыныращ.

БЕКЪАН Заур,
Урысейм Мэкъумэш кIэлъыплъыныгъэмкIэ и къулыкъущIапIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр IуэхущIапIэм щIы къэпщытэныгъэмкIэ и къудамэм и къэрал инспектор нэхъыжь.

ЩIалэгъуэ

Си IэщIагъэм хэлъ гуапагъэм цIыхухэр ищIмэ арэзы...

● МакъыщIэ

Лъэпкъ уэрэдхэм дихьэххэр, ар жызыIэну гупыж зыщI щIалэгъуалэр кIуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъум уимыгъэгуфIэу къанэркъым. Гъатхэ жыг хадэу зэротIэпIыкI къыдэкIуэтей щIэблэм лъэпкъ къафэм, уэрэдым хуаIэ лъагъуныгъэр, уеблэмэ лъэпкъыбзэм ехьэлIа лэжьыгъэ мытыншхэми къимыкIуэту пэрыувэхэр диIэщ. ЩIэблэщIэм я мурадхэр, гуращэхэр зэдгъэщIэн мурадкIэ, «Адыгэ псалъэм» и хьэщIэщым къедгъэблэгъащ уэрэджыIакIуэ щIалэщIэ, макъ шэщIа дахэкIэ адыгэбзэр зыгъэбзэрабзэ, хабзэри, цIыху лъагъуныгъэри, нэхъыжьым и лъапIагъри уэрэдкIэ ди цIыхухэм я деж нэзыхьэс Бекъул Аслъэн.

Бекъул Аслъэн

ЕЗЫ Аслъэн зэрыжиIэмкIэ, зэрысабийрэ уэрэд жыIэным дехьэх, утыкур щимыщIэ лъандэрэ псэм къиIукI макъамэр къреш. Балигъ хъууэ IэщIагъэ къыхихын хуей щыхъуми, уэрэдым епцIыжыфакъым. Бекъулым ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал университетым уэрэд жыIэнымкIэ и къудамэм щеджащ.

- Илъэсих ныбжьым ситу арагъэнт, - кърегъажьэ Аслъэн уэрэд жыIэным теухуа и хъыбарым, - пшахъуэм сыхэсу сыджэгуу, си анэм жиIэу зэхэсха дзапэ уэрэдхэр ину къисшу ди гъунэгъу цIыхубз, ЖьакIэмыхъу Жансурэт щызэхихам. Игу срихьауэ къыщIэкIынти, и гупым сишэну (абы «Нартшу» гъэсакIуэ гуп иIэт) къызжиIащ. Ар унэм къекIуэлIэжа си анэм щыжесIам, гузавэри, къуейщIеягъэ сщIауэ Жансурэт къысхуэгубжьа фIэщIщ, гузавэри и деж сишащ. Абы си анэр къытригъэхьащ и гъэсэнхэм сахигъэхьэну. Тхьэмахуэ нэхъ дэмыкIыу, «Алло, зэчииифIэхэр къыдолъыхъуэ» зэпеуэм срагъэблагъэри, абы етIуанэ увыпIэр къыщысхьауэ щытащ. Мис абы яужькIэ сэри нэхъ сытегушхуэри, адыгэ уэрэдыжьхэр жысIэу, а унэтIыныгъэм гулъытэ нэхъыбэ хуэсщIу щIэздзащ. Сэ адыгэ, урыс уэрэдхэр зэхуэдэу жызоIэ, ауэ сыт щыгъуи си фIэщ хъужу хьэкъыу щытщ ди къафэмрэ уэрэдхэмрэ хуэдэ яIэу зы лъэпкъи дунейм зэрытемытыр - ар зэрыпхъуэж хъун хъугъуэфIыгъуэ щыIэкъым. Лъэпкъыр къулей зыщIщ, ди щхьэр лъагэу дэзыгъэлъагъужщ.

- Щапхъэ пхуэхъуауэ, уэрэд жыIэнкIэ, утыку итынкIэ зызэбгъэщхь щыIэ?

- ЦIыху къэскIэ езым и дуней лъагъукIэ иIэжщ. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, зыгуэрым зыщIебгъэщхьын, тIуанэу ущIыщытын щыIэкъым. ЦIыху къэс фIыгъуэ щхьэхуэ хэлъщ, адрейхэм зыми емыщхьу. Уи фIыпIэр къыпхуэгъэлъагъуэу, абыкIэ нэгъуэщIхэм уадэгуэшэфу щытын хуейщ. ПцIы хэмылъу, сэ езым гу зылъызмытэжу сыщыцIыкIум Нэхущ Чэрим зезгъэщхьыну сыхущIэкъуу щытащ, нобэми Тут Заур и уэрэд жыIэкIэм сыдехьэх. Ауэ сыт хуэдэ Iуэхуми уэ езым уи хъэтI ущиIэжын хуейщ.

- Уэ дауэ уеплърэ, зэфIэкI зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэхэм ди республикэм зыщаужьыну Iэмал щагъуэту пIэрэ?

- УхущIэкъумэ, къаруэ уиIэр епхьэлIэмэ, пхузэфIэмыкIын щыIэкъым, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, щэнхабзэм и пщIэр ехуэхащ. Къэралым пщIэ зыхуимыщIым цIыхухэми хуащIыркъым. Щапхъэу къэсхьынщ сэ езыр сыкъыщалъхуа Нарткъалэ. Абы ЩэнхабзэмкIэ унэ дэтыххэкъым, ар якъутащ. Абы и пIэкIэ спортым и унэ яухуэну я мурадщ. Iэпкълъэпкъыр къаруфIэ пщIыкIэ зэфIэкIыркъым, цIыхухэм я псэри, я акъылри зыужьыныгъэ хуэныкъуэщ.

- Гу зэрылъыстащи, уи лъэпкъым и пщэдейм къызэрымыкIуэу уегъэгузавэ. НтIэ, нобэ адыгэу зызыбжыж дэтхэнэри зыгъэпIейтей, бзэр, хабзэр тхъумэжын папщIэ сыт псом япэу тщIэн хуейуэ къэплъытэр?

- Псом япэрауэ, лъэпкъым щыщу зыкъэзылъытэр и бзэкIэ псэлъэжын, анэдэлъхубзэр къыщIэхъуэ щIэблэм зэрыIурилъхьэным хущIэкъун, лъэпкъым и фIыпIэр игъэлъэгъуэн хуейуэ и пщэ къыдэхуэу къысщохъу. Ди фIыр дэ езым дгъэлъэпIэжыфу щытыпхъэщ.

- Аслъэн, уи мурадхэмкIэ укъыддэгуэшамэ ди гуапэу дынодэIуэнут.

- Мурад куэд сиIэщ, икIи бзыщIарэ гъэпщкIуарэ абыхэм яхэткъым. Нэхъыбэр уэрэд жыIэным ехьэлIащ. «Си IэщIагъэм хэлъ гуапагъэм цIыхухэр ищIмэ арэзы, гъащIэ псом къыщызмылъыхъуэ сэ насыпу нэгъуэщI зы», - жиIэу адыгэ уэрэдыжьым хэтщ. Абы и фIыгъуэм нэхъыщхьэ щымыIэу къысщохъу, аращ сэ гъащIэ дамэ схуэхъур. Нобэрей гъащIэм къызэригъэуву уэрэдыжь куэд къагъэщIэрэщIэж, сэ ахэр ипэ дыдэу къызэрежьам хуэдэу жысIэну сыщIохъуэпс. Быдэу си фIэщ мэхъу ди щIалэгъуалэм щыщ куэд а уэрэдыжьхэм гукIи псэкIи зэрыдихьэхынур. Зызужьыну, сылэжьэну си мурадщ, къызэрызэхъулIэр гъащIэм къигъэлъэгъуэнущ.

- Сыт яжепIэнт ди газетеджэхэм, псом хуэмыдэу ди щIалэгъуалэм?

- Адыгэ ныпыр уи машинэм тегъэуакIэ адыгэ ухъуркъым, а ныпым и лъабжьэр, къежьапIэр ящIэжу, нэгъуэщI мыхъуми я бзэкIэ псалъэу, я хабзэр Iумпэм ямыщIу, ар къащIэхъуэ щIэблэм кIэрыху щымыIэу щIэину къыхуагъэнэн хуейуэ къызолъытэ. Ди цIыхухэм къагурымыIуэр зыщ: хамэр дэ къытхуейкъым. Дэ пщIэрэ щхьэрэ щыдиIэнур дыкъызыхэкIам я дежщ. Мис ар къагурыIуэу лъэпкъ Iуэхум тепсэлъыхьым къищынэмыщIауэ, Iуэху яхузэфIэхыу, къызыхэкIам сэбэп зэрахуэхъуным дэтхэнэри хущIэкъуу щытамэ, лъэпкъ Iуэхур ефIэкIуэнут.

Епсэлъар **ИНЭРОКЪУЭ Данэщ.**

Псэм къыбгъэдэкIыр нэрылъагъуэщ

● Ди хьэщIэщым

Хьэвжокъуэ Людмилэ

Лъэпкъ литературэм къэкIуэн имыIэу жызыIэ щыIэми, абы пызыщэхэр, литературэр я гум, я псэм щыщ Iыхьэ гуэру фIэкIа къызыщымыхъу щIалэгъуалэ щыIэщ. Литературэм и жыгыр гъункIэ зэрыхъунум тегузэвыхьхэм жаIэр лъабжьэншэкъым икIи псом япэу абы щхьэусыгъуэ хуэхъур анэдэлъхубзэм хуэфащэ гулъытэ зэримыгъуэтырщ. Банэм и пIэ банэ къокIэж, ауэ жыгым и пIэ сытым дежи жыг къыщимыкIэж щыIэщ... Аращ щIалэгъуалэм къалэмым хуэIэкIуэлъакIуэ къахэкIмэ, дащIыщыгуфIыкIыр.

Лъэпкъ литературэм и къудамэщIэхэм ящыщщ фэдгъэцIыхуну Хьэвжокъуэ Людмилэ. Ар 1986 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м Шэджэм щIыналъэм хыхьэ Нартан къуажэ къыщалъхуащ. 1988 гъэм и унагъуэм и гъусэу Чернэ Речкэ Iэпхъуащ. Курыт еджапIэр къиуха нэужь, 2003 - 2008 гъэхэм ар щеджащ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и Филологие институтым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ и къудамэм. 2008 гъэм КъБКъУ-м и аспирантурэм щIэтIысхьащ, «Бещтокъуэ Хьэбас и усыгъэр: мотив нэхъыщхьэхэр, жанр системэр, поэтикэр» диссертацэ лэжьыгъэр 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щыпхигъэкIащ.

НобэкIэ Хьэвжокъуэ Людмилэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым къэбэрдей литературэмкIэ и секторым и щIэныгъэ лэжьакIуэщ. Зэрысабийрэ усэ етх, ахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ («Нур», «Iуащхьэмахуэ», «Советская молодежь», нэгъуэщIхэми) мызэ-мытIэу къытехуащ. 2011 гъэм дунейм къытехьащ абы и «Гухэлъ налъэ» япэ усэ тхылъыр, 2012 гъэм - «Бещтокъуэ Хьэбас и усыгъэ дунейр» (урысыбзэкIэ) щIэныгъэ лэжьыгъэр. ЕхъулIэныгъэ пыухыкIахэр зыIэрызыгъэхьэфа пщащэр ди хьэщIэщым къедгъэблэгъащ и мурадхэмрэ Iуэху еплъыкIэхэмкIэ къыддэгуашэмэ ди гуапэу.

- Сабиипсэр усэ тхыным дезыгъэхьэхам я гугъу уэзгъэщIынут?

- Еханэ классым сыщIэсу ди егъэджакIуэм унэ лэжьыгъэ къыдитауэ щытащ, усэ, рассказ зытх къыфхэтмэ, къыздэфхь жиIэри. Гъатхэт, абдежым дерсым сыздыщIэсым щхьэгъубжэм сыдэплъри, усэ цIыкIу занщIэу зэхэслъхьащ. «Гъатхэм и мэ гуакIуэр бзухэм къащIихьащ, Тафэм щыщIэращIэу удзхэр къыхэкIащ», - жиIэу. ИужькIэ ар «Нур» журналым традзат. Сэ сызэреплъымкIэ, усэныр спкърытти, ди егъэджакIуэм къигъэушауэ аращ. СызэрыцIыкIурэ уэрэдыр фIыуэ солъагъу, уеблэмэ псэлъэн зэрыщIэздзэ къудейуэ, ар жысIэу щытащ. ГукIэ уэрэд куэд зэрысщIэм къищынэмыщIауэ, сэ фIыуэ зыхэсщIэрт абыхэм ящIэлъ псалъэхэр цIыхухэр зэрызэпсалъэм къызэрыщхьэщыкIыр, ар нэхъыфI гуэру зэрыщытыр. ЕпщIанэ классым сынэсыху тIэкIу сIэщIэхуауэ сыкъекIуэкIащ, итIанэ щIэздзэжри, зы мащIэкIэ сытхауэ аргуэру зэпызгъэури, илъэс зытIущкIэ сытхэххакъым, уеблэмэ афIэкIа сымытхэжын мурадхэр сиIэу сыщытащ.

- Сытыт ар къызыхэкIар?

- Си Iэрытххэр утыку къисхьэну сыукIытэрт. «Зыми езмыгъэлъагъунумэ, щхьэ сытхэн хуей?» жысIэу сызэупщIыжырт. Ауэ къызэныкъуэкъуу щыхуежьэм, усыгъэм и дунейм сыдихьэхыжри, сымытхэу зэрысхуэмышэчынур хьэкъыу спхыкIащ. Апхуэдэурэ екIуэкIыурэ «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм сыкIуэу щIэздзащ, абы щызгъэлъэгъуа си япэ усэхэр «Советская молодежь» газетым и «Псынэ» напэкIуэцIым, иужькIэ «Iуащхьэмахуэ» журналым къытехуауэ щытащ. Адыгэм псалъэжь иIэщ «Къуийм и пыIэр щхьэрыхумэ, укIытэжыркъым» - жиIэу *(мэдыхьэшх)*, утыку сихьа хъуати, адэкIэ стхыр згъэлъэгъуэну нэхъ сытегушхуащ.

- Усэ тхыныр хэт къыпхуигъэдэха, хэт абы уэ нэмыщI щыгуфIыкIар?

- Ди жагъуэ зэрыхъущи, куэд щыIэщ литературэр фIыуэ зэрамылъагъум, зэрамыщIэм къищынэмыщIауэ, ар жыжьэуи гъунэгъууи къагурымыIуэу. Мис апхуэдэхэм гугъу срагъэхьащ. Ауэ, шэч хэмылъу, къыздэзыIыгъахэри мащIэкъым, арыншауэ сэ къызэхъулIэнIауи къыщIэкIынтэкъым. Си анэм сыкъыгуроIуэ, ситкIи сызыхещIыкI. Уеблэмэ, зы псалъэ сэ сызыхуэмыарэзыжу къэзгъэнамэ, и нэр зыфIэнэр аращ. Япэ дыдэу стхахэми иджырейхэми си анэм сыкъыхуоджэри, ар си чэнджэщэгъуфIщ. ЕгъэджакIуэхэри щымащIэкъым си гъащIэм, дэтхэнэми фIыщIэ хуэфащэу къызолъытэ. ШколымкIэ къыщебгъажьэмэ, япэ усэр сэзыгъэтхауэ щытар Медалы (Къущхьэ) Зоещ. АдыгэбзэмкIэ егъэджакIуэ Абазэ Жану (дунейм ехыжащ, и Ахърэтыр нэху Алыхьым ищI!) сыт щыгъуи сытригъэгушхуэрт, зым нэхърэ адрейр нэхъыфIыжу къызэхъулIэу жиIэурэ. «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм и тхьэмадэ Хьэх Сэфарбии фIыщIэ хуэфащэщ, куэдкIэ сэбэп къысхуэхъуащ. ЩIэхъумаи бзыщIаи хэмыту къызэхъулIамрэ къызэмыхъулIамрэ зэIубзу къызжиIэрт, зызужьыну зи мурадым дежкIэ ар куэд и уасэщ.

- Уи щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэмрэ усэ тхынымрэ дауэ зэзэгърэ?

- Абы теухуауэ сынасыпыфIэу зыкъызолъытэж: си лэжьыгъэмрэ си усэнымрэ зэдожьу, зым адрейм къыпищэу. ЕзгъэкIуэкI къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр литературэращ зэхьэлIари, сызэрытхэр сэбэп мэхъу нэхъ куужу литературэр къызгурыIуэнымкIэ, зыхэсщIэнымкIэ. Уеблэмэ а тIур зэгуэпх мыхъун гуэру къысщохъу. Стхыхэр къызэрызэхъулIэр си IэдакъэщIэкIым еджахэм, си лэжьыгъэр зылъэгъуахэм нэхъ жаIэфыну къыщIэкIынщ, ауэ тыншу зэрызэдэсхьым шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым.

- Зи гугъу тщIахэм къищынэмыщIауэ, сытым удихьэхрэ?

- Зэманыр къызэрызэмэщIыкIым нэхъ щхьэусыгъуэ сиIэкъым, хъуэпсапIэр си бэщ. Нэпсеифэ зырызигъэплъыжу, гъуазджэм и лъэныкъуэ псоми сохъуапсэ, пэжщ, си ныбжьым пхуэмыгъэкъаруужын гуэрхэри хэтщ абы. Пшынэ еуэкIэ зэзгъэщIэну си нэ къокI. СыщыцIыкIум ди унэм зы пшынэ щIэлъти, езыр-езыруурэ макъамитI-щы къизгъэкIыу зезгъэсауэ щытащ. Псы ес хуэдэ, къэфэкIэ дахэ зиIэм сохъуапсэри, адыгэ къафэ лIэужьыгъуэхэр псори зэзгъэщIэну си мурадщ. КъищынэмыщIауэ, сызэрыцIыкIурэ сызэхъуапсэ, егъэлеяуэ пщIэ зыхуэсщI IэщIагъэхэм ящыщщ дохутырыр. ЦIыху гъащIэ зи IэмыщIэм изылъхьэжу, абыхэм сэбэп яхуэхъуфыр си дежкIэ икъукIэ лIыгъэшхуэ, псапэшхуэ зыпылъщ. Сэ фIыуэ къызгуроIуэ а лэжьыгъэр зэрымытыншыр, ауэ сыту фIы зыгуэрым сэбэп ухуэхъуну. Усэнымрэ абырэ зэпхьэлIэ хъуну къызолъытэ, дохутырхэр Iэпкълъэпкъым йоIэзэ, тхакIуэр - псэм. ТIум я дежкIи нэхъапэр цIыхурщ.

- Людэ, сытым деж ущытхэр? Уигу хагъэщIа нэужь хьэмэ..? Иныкъуэхэм макъамэфIыр я хущхъуэщ, уэ-щэ?

- Япэ дыдэрауэ, сызрихьэлIэ цIыхухэм къызат гукъыдэжымрэ гухэщIымрэ, къызэрысхущыт, сазэрыхущытым куэд елъытащ. ЦIыхум и гурыгъу-гурыщIэращ нэхъыбэу сызытетхыхьыр. НэIурыт гуэрхэм сащытетхыхьым дежи абы щIагъыбзэ щIэлъщ, щытыкIэ гуэр къигъэлъагъуэу. ЗэрыжыпIащи, куэдрэ къохъу уэрэдым сыщигъатхэ. Нэхущ Чэрим жиIэ «Уэ сыножьэ» уэрэдым седэIуа иужькIэ, абы пэджэж хуэдэу зы усэ стхащ. Театрым спектакль гъэщIэгъуэн сыщеплъамэ, тхыгъэфI седжамэ, къызатынкIэ хъунущ тхэн гукъыдэж. Зызумысыжынщи, нэхъыбэрэ сыщытхэр сигу хэщIа иужьщ. ЖызыIэ щыIэщ си усэхэр нэщхъейуэ, ауэ птхыр къохъулIэну ухуеймэ, къоузращ узытетхыхьынур. «Кууузэ къыщоузым хуэфэщэн боус», - жеIэ Бещтокъуэ Хьэбас, щIэджыкIакIуэр къыумыгъэпцIэн щхьэкIэ, зыхэпщIэращ птхын хуейр.

- ТхакIуэхэм хэт сымэ къахэбгъэщхьэхукIрэ?

- Бещтокъуэм и творчествэращ сызэлэжьари, гурыIуэгъуэщ абы сызэрыдихьэхыр. Мыкъуэжь Анатолэ, Бицу Анатолэ сымэ я тхэкIэр спэгъунэгъущ. Къыхэзгъэщынт ПщыукI Латмир, МахуэлI Нэрзан, МэшбащIэ Исхьэкъ, Жылэтеж Сэлэдин сыми. Хьэх Сэфарбий «Лъагъуэр гъуэгум хуокIуэ» жыхуиIэ и романыщIэм соджэри (IэрытхыIу), псынэпс къабзэм хуэдэщ, бзэ дахэкIэ тхащ. Ар зытетхыхь щIыпIэхэм сэри сыщыIэу, дунейм и мэр къысщIихьэу къысщохъу.

- Илъэсипщ1 дэкIмэ дапхуэдэу зыплъагъужрэ? Зэманым дыщымышынэу дыгъэпсалъэ.

- Зы махуэ фIэкI къыумыпсэуами, фIы гуэр блэжьам, упсэуащ. КIуащ БетIал «зэманыр Iуэхуклэ зыгъэнщIыфыр аращ езыр зэманыр зейр» жеIэ, сэри сыарэзыщ абыкIэ. Зэман псоми я фIыгъуэ яIэжщ. СхужыIэнур зыщ - сыусэну къыщIэкIынщ сыт зэмани.

- Уэ къызэрыплъытэмкIэ, гъащIэм щынэхъапэр сыт? ГъащIэр езыр сыт зыхэплъагъуэр?

- Сэ си дежкIэ гъащIэр - сыкъэзыухъуреихь цIыхухэрщ. ЦIыхум хуэмыныкъуэ псэр мывэжьщ» - жеIэ ГъущIо Зариф. Захуэщ. ПэжыгъэкIэ къызбгъэдэтрэ сэ жысIэмрэ си хъуэпсапIэхэмрэ къызыгурыIуэ цIыху симыIэмэ, сщIэ псори сыт и уасэ? Къысхуэныкъуэ цIыху щыIэхукIэ - сынасыпыфIэщ. Апхуэдэхэращ си гъащIэр гъащIэ зыщIыжыр. Псом япэ изгъэщыр - пэжыгъэрщ. Арыншамэ, псори псыхэкIуадэщ. МахуэщIэ къэунэхум сыхуэгуфIэнуми сыхуэщыгъуэнуми куэдкIэ зэлъытар цIыхухэм къызат гукъыдэжырщ. Псом ящхьэжыр (псом хуэмыдэу цIыхубзым дежкIэ) унагъуэращи, сэри нобэкIэ сиIэ унагъуэм, си адэ-анэм, къыздалъхуахэм зэкIэ насып ядызолъагъу, адэкIэ сэ езым сиIэну унагъуэрщ си насыпыр зыхэлъынур.

- Тхэн щIэзыдзагъащIэ щIалэгъуалэм, щIэныгъэм гу хуэзыщIахэм сыт хуэдэ псалъэкIэ захуэбгъэзэнт?

- ЦIыхум и псэм фIэфIращ IэщIагъэу къыхихын хуейр. Ухуэмейуэ, гукъыдэж хуимыIэу Iуэхум уеувалIэмэ, пщIэри къохъулIэнукъым, уэри гупсэхугъуэ уиIэнукъым. Уи щхьэ къыумыгъэпцIэжу уэ езым уи лъагъуэр къыхэпхмэ, итIанэщ зыгуэр щыпхузэфIэкIынур. Тхэхэм ехьэлIауэ жыпIэмэ, фэрыщIыгъэ литературэм ебгъэкIуалIэ хъунукъым, ар къыхаубыдыкIынущ, щIэджыкIакIуэр къыпхуэгъэпцIэнукъым. Псэм къыбгъэдэкIыр сытым дежи нэрылъагъуэщ.

Епсэлъар **ЩОМАХУЭ Залинэщ.**

Зы къару гуэрым укъысхуешэ

Зы къару гуэрым укъысхуешэ,
Зы къару гуэрым узбгъэдеш.
Ди зэхуаку гъуэгур нашэкъашэу
Зэхэшыхьащи, ущозэш.

Укъыщысхуишэм псыIэрышэм,
Мывэ къыр лъагэр къыппоув.
УщыфIэкIыфкIи уэ биишэм,
Уи пащхьэр мэхъу мэз чыцэ Iув.

ИтIани уи псэр тепыIэншэщ, -
Сэ сызэрожьэр ищIэ хъунщ...
Зы къару гуэрым укъысхуешэ,
Ухыгъэм фIэфIщи усщIыгъун.

* * *

Укъыздоджэгур, сыбдоджэгуж...
Ауэ мы гъащIэр шы емылыджщ, -
Ар къэбгъэпцIэну пщIымэ гупыж,
И махуэ псори пщищIынущ дыдж.

Укъыздэджэгуу сигу хыумыгъэщI.
СиIэщ сэ хахуэу къысщхьэщыжын, -
Сытыришэнщи лъагъуэ нэгъуэщI,
ГъащIэ шы Iэлым силъ ищIэжынщ.

* * *

Сэракъым уи нагъуэр,
Сэракъым уи мыгъуэр...
Сэ си нэхэр нащхъуэщ,
Си щхьэцри щхьэцыгъуэщ.

Сэ стетщ нэщхъеифэ, -
ЕрагъкIэ согуфIэ,
Си гущIэм илъ IэфIыр
Псэ щIагъ щIызоуфэ.

Уэ пфIэфIщ къамылыфэ,
И нитIыр вындыфэу,
КъыпхуитIу дзэлыфэр,
Уи пшынэм къыдэфэу.

Сэ си нэхэр нащхъуэщ,
Си щхьэцри щхьэцыгъуэщ...

Уи пшынэм и гъуагъуэр
Щхьэ хъуа къыскIэлъыпхъуэ?!

* * *

ЩIы фIыцIэм уафэ
щIэгъэпщкIуакъым,
Псы щIагъым пцIащхъуэхэр
щемыс...
Сыныщыппэплъэм - укъэкIуакъым,
Ухуэныкъуакъым си нэмыс.

Псым игъэзэжу дэжеякъым,
Уэ ныпхуихьыжу си насып...
Зигъэгувами, хэжеякъым
Къыспэплъэу щытыр си бжэ щIыб.

Уэракъым си пкъыр къэзыгъафэр,
Уи псалъи си псэм нэмыIус...
ЩIыр иумытIыхь, улъыхъуэу уафэ,
Псым пцIащхъуэ уещэу уIумыс.

* * *

КхъыIэ, пцIыкIэ сумыукI...
Зэгуэр уигу къызэбгъэ хъумэ,
Си псэ пцIанэу схуэмыхъумэм
Къамэ папцIэкIэ къепыдж.
Ухуейм, гущхьэр зэгуегъэч
ГубжькIэ къэбутIыпщ фочышэм.
Ауэ, гъуэгу щтырыгъу сытепшэу,
КхъыIэ, пцIыкIэ сумыукI.

* * *

Уэ къоджэм ищIэркъым, си усэ,
Сэ жэщмыжейр зэрызгъэхьар,
Уэздыгъэм щIыгъуу си псэр згъэсу,
И сахуэр уэ зэрыпхэспхьар.

Уэ къоджэм ищIэркъым, си усэ,
Сэ махуэ кIыхьыр зэрысхьар,
Зы псалъэм псалъэ кIэлъызгъэсу
Псэ налъэкIэ зэрыспсыхьар.

Уэ къоджэр хэтми, си усэ,
Лъыгъэс хуабагъэу ныпхэслъхьар...
Къыптеплъэ хъумэ си псэгъусэр,
СхужеIэ фIыу зэрыслъэгъуар!

ТхакIуэхэм я махуэр ягъэлъапIэ

ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр зэрихьэу Налшык къалэ дэт сабий библиотекэм ТхакIуэхэм я махуэм ирихьэлIэу зэIущIэ гуапэ щекIуэкIащ. Школ №29-м щIэс еджакIуэ цIыкIухэр тхакIуэ ныбжьыщIэхэм IущIащ а махуэм. Ар къызэрагъэпэщащ библиотекэм и унафэщI Хьэту Светланэ, абы щылажьэ Тхьэзэплъ Зарэ, егъэджакIуэхэу Гъубжокъуэ Ритэ, Токъмакъ Светланэ сымэ.

БИБЛИОТЕКЭМ и лэжьакIуэ нэхъыжь Ехъутэныдж Ларисэ зэIущIэр къыщызэIуихым, абы кърихьэлIахэр литературэм димыхьэхынкIэ Iэмал имыIэу и псалъэмакъыр иришэжьащ. Абы къызэхуэсахэм иджыри зэ ягу къигъэкIыжащ сабийхэм яхуэтхэ тхакIуэкIуэмрэ я тхыгъэ купщIафIэхэмрэ. Къэбэрдей тхакIуэхэм ящыщу я цIэр къыхигъэщащ АфIэунэ Лиуан, Гъубжокъуэ Лиуан, Щоджэн Леонид, Хьэту Петр, Нало Заур сымэ, нэгъуэщIхэри.

- Зи гугъу тщIахэм нэмыщI, тхакIуэ ныбжьыщIэхэри диIэщ, - къыпищащ абы, - икIи нобэ ахэр къытхуеблэгъащ. ТхакIуэ гъащIэм гъэщIэгъуэну, щIэщыгъуэу хэлъым ди хьэщIэхэр къытхутепсэлъыхьыну дащогугъ.

Езыхэм тхэн зэрыщIадзам, абы щхьэусыгъуэ хуэхъуам тепсэлъыхьащ зэIущIэм кърагъэблэгъа Дзэгъащтэ Азэмэт, Хьэвжокъуэ Людмилэ, Гугъуэт Заремэ сымэ.

- ЦIыхур тхэным нэхъ щыдихьэхыр студент гъащIэм щыхэт зэманырщ. Сыт абы щхьэусыгъуэ хуэхъур? Езым и ныбжьхэм яхохуэри, и щэхуи, гурылъи тыншу иIуэтэф мэхъу. Тхэным гупыж хуэзыщIа цIыхум университетым зыщеужь, и творчествэми нэхъ зеубгъу. Сыту жыпIэмэ, балигъ гъащIэм хыхьагъащIэр зытетхыхьын Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэр нэIурыт къыхуохъу. Дэри аращ - студент дыхъури, тхыгъэ къытщIэхъуэ хъуащ. ФIыуэ тлъагъухэми, тлъагъу мыхъухэми датотхыхь. Ди тхыгъэхэр «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм и унафэщI Хьэх Сэфарбий худохьри, хыдогъаплъэ. Хасэм хэтхэм я IэдакъэщIэкIхэр абдеж щызэпкърыдох. ЗэрытщIэщи, тхэн езыгъажьэ дэтхэнэми къызэрыщIидзэр усэщ. Зэман докIри хэт рассказым нэхъ хуэIэзэ мэхъу, хэти нэхъ жанрышхуэхэм зрапщыт, хэти усэм къыщызэтоувыIэ, - ядогуашэ къызэхуэсахэм Дзэгъащтэ Азэмэт.

УсакIуэм и дунейр зэрыгуапэр Хьэвжокъуэ Людмилэ и гупсысэм къыхэщащ:

- Усыгъэр цIыхум къыдалъхуу къызолъытэ. «УсакIуэ сыхъунущ» жыпIэу утIыскIэ къохъулIэнукъым. Псалъэ гуэрхэр пхузэдзылIэнущ, рифми хуэпщIыжыфынущ, ауэ мыхьэнэ пхущIэлъхьэнукъым. Апхуэдэ тхыгъэр щIэджыкIакIуэм игу дыхьэнукъым. Сэ сщIэркъым усэр къыщысхуэкIуэну дакъикъэри, щIыпIэри, къыщIысхуэкIуэну щхьэусыгъуэри. Ар куэдым къыхокI. Си нэм къыIуидзэ дахагъэр усэу къызогъэщIыж. Iэмал имыIэу зы къэхъугъэ гуэр кууэ зыхэпщIэн хуейщ, ар гуфIэгъуэу е гуауэу щрети. Сэ нэхъыбэу сыщытхэр нэщхъеиныр къыщыстекIуэхэм дежщ. Куэдми къызжаIэ си усэхэр «зэрынэщхъеирилэр». Абы къикIкъым, усакIуэр мыгуфIэфу - ар гъащIэм щогуфIыкI. УсакIуэм и IэдакъэщIэкIхэр быным пызолъыт, ар цIыхум и къэгъэщIыгъэу зэрыщытым къыхэкIыу.

- ЦIыхур сабий ныбжьым щитым деж нэхъ гурыхуэщ, - жеIэ усакIуэ ныбжьыщIэ Гугъуэт Заремэ. - А зэманым зыхилъхьэм къыдэкIуэтеиху хигъахъуэурэ, гупсысэм зрегъэужь. Ар псори тхылъыфIым деж къыщожьэ. Сэри сыцIыкIуу тхылъыр фIыуэ сагъэлъэгъуащ. Пщыхьэщхьэ къэс ди анэм дыкърригъэтIысэкIыурэ, хъыбар цIыкIухэм, таурыхъхэм, усэхэм къытхуеджэрт. Абы къыщежьащ бзэм и дахагъэр зыхэсщIэныр. Усэ тхын щIэздзащ школым сыщIэсу. Ауэ абы щыгъуэ стхыхэр усэ жыпхъэм иджыри иуватэкъым. Тхэным сыщыдихьэхыпар Хьэх Сэфарбий зи унафэщI «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм сыхыхьа нэужьщ. Абы япэу сызышауэ щытар Дзэгъащтэ Азэмэт. Сэфарбий и чэнджэщхэм седаIуэурэ, си усэхэм къахуищI дагъуэхэм сакIэлъыплъыжурэ, усыгъэр нэхъ къысхыхьащ. ИджыпстукIэ, рассказ, теплъэгъуэ щыстх къысхуихуэми, си гум усыгъэр нэхъ щытепщэщ. Усэ сотх зыгуэрым егъэлеяуэ сигъэпIейтеймэ, сигъэгуфIэмэ е сигъэнэщхъеймэ.

Псалъэмакъым къыхыхьащ еджакIуэхэри. Абыхэм жаIащ тхылъ гъэщIэгъуэнхэм еджэну зэрафIэфIыр, икIи гъэсэныгъэ-ущииныгъэ мыхьэнэ зиIэ тхыгъэхэр я гум нэхъ зэрыдыхьэр. Хьэгъэбанэ Аминэ къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ езыми тхыгъэ кIэщIхэр и Iэдакъэ къызэрыщIэкIым, и адэшхуэ-анэшхуэхэм ятетхыхьыну мурад быдэ зэриIэм. Абрэдж Мэрем, Къущхьэ Iэсият, ТIэхъу Алинэ сымэ лъахэм, цIыхугъэм, лъагъуныгъэм теухуа усэхэм къеджащ. Дзэгъащтэ Азэмэт и гушыIэ дахэм, республикэм щыцIэрыIуэ цIыхухэм Iэзэу зэрызапищIыжым еджакIуэ цIыкIухэри, нэхъыжьхэри зыIэпишащ.

- Ди библиотекэм тхакIуэ, усакIуэ ныбжьыщIэхэр фыкъызэрытхуеблэгъар хуабжьу ди гуапэщ, - захуигъэзащ библиотекэм и унафэщI Хьэту Светланэ зэIущIэм и хьэщIэхэм, - сабийхэми фращIэщыгъуэу къыфIущIащ. Си гугъэщ, екIуэкIа псалъэмакъым абыхэм дахагъэу, хуабагъэу куэд къыхахауэ, нобэрей зэIущIэри куэдрэ ягу къагъэкIыжыну, тепсэлъыхьыжыну.

- НэхъыжьыIуэхэр дымыгъэпIейтейуэ, нобэ тхакIуэ ныбжьыщIэхэр хьэщIэ фыщIэтщIам нэгъуэщI зы щхьэусыгъуи иIэщ, - дыщIигъуащ Светланэ и псалъэхэм Ехъутэныдж Ларисэ. Фэ нэхъ гушхуауэ я гупсысэ къызэрывахьэлIэфынур, тыншу, хуиту къызэрывэпсэлъэфынур, упщIэ яIэмэ ехьэкI лей хэмыту къызэрыватынур тщIэрт. Си гугъэщ, еджакIуэ цIыкIухэм нобэрей махуэм дерс щхьэпэ къыхахыну.

Сурэтхэр зытрагъэхащ зэIущIэм и кIэухым къызэхуэсахэм фэеплъ.

● Хъыбар кIэщIхэр

Уи гум щытебгъакIуэм елъытащ

ЛIЫЖЬЫР и къуэрылъхум гъащIэм и щэхухэмкIэ дэгуашэу, игъэIущурэ жриIэрт.

- Дэтхэнэ зы цIыхуми и гум зэпэщIэувэныгъэ гуэр щокIуэкI, ар ещхьщ дыгъужь къаруфIитI зэзауэм. Зы дыгъужьыр фIым, къабзагъэм, лъагъуныгъэм, гурыщIэ нэхум и телъхьэщ, етIуанэр - емылыджщ, фыгъуэм, ижэм, щхьэхуэпсэум, пцIым и телъхьэщ.

Зэхиха хъыбарыр зэригъэщIэгъуэнур имыщIэу щIалэщIэр заулкIэ щыму щысри, къэуIэбжьауэ щIэупщIащ:

- Дадэ, сыт хуэдэ дыгъужьра - тIэ икIэм-икIэжым текIуэр? - жиIэри.

ХэпщIыкI къудейуэ лIыжьыр пыгуфIыкIри, жэуап хьэзырыр кърищыжащ:

- ТекIуэри? ТекIуэр уэ езым бгъашхэращ! Уи гум щытебгъакIуэращ, плъагъум уIуплъэм нэхъ пфIэфIращ текIуэнури, - жиIэри лIыжьыр щым хъужащ.

Ди хъумакIуэхэр

МЕЛЫIЫЧЫР цIыхум щысхьыпэу, имыгъэщтэн папщIэ хуэмыбзэу зигъэщхъри, и тхьэкIумэм иIущащэу жиIащ:

- Ухуеймэ уи гъащIэр зэрыщыту уэзгъэлъагъунщ?

- Сыхуейщ, - цIыху хьэлу епIэщIэкIыу и жэуапыр къетыж мыдрейм.

МелыIычым ар лъагэу еIэтри, цIыхум елъагъуж и гъащIэр, абы яужь иту кIуэ лъакъуапIэхэр.

- Хэт мы нысклэлъыкIуэр? - щIоупщIэ илъэгъуар гъэщIэгъуэн щыхъуауэ цIыхур.

- Ар сэращ, сэ уи гъащIэм и кIыхьагъкIэ сыпщIыгъущ.

- НтIэ, щхьэ иныкъуэхэм деж лъакъуапIэр зы фIэкIа мыхъурэ? - гукъанэ хэлъу щIоупщIэ аргуэру.

- Ар уи гъащIэм нэхъ хьэлэ дыдэу хэта Iыхьэхэрщ.

- Апхуэдэхэм деж си закъуэу сыкъэбгъанэурат?

- Хьэуэ, апхуэдэхэм деж сэ IэплIэкIэ усхьу аркъудейт, - къетыж жэуапыр щабэу мелыIычым.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ЩОМАХУЭ Залинэщ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Фэ фщIэрэ?

Зэманым и уасэр

Къыдэкlыгъэхъут пшэдджыжь къэс ахъшэ сом 86.400-рэ кьыфхуэзыуцIыпщ банк фиIэу. А махуэм фымыгъэкIуэду кьэнар етIуанэ махуэм кьыфхупутIыпщым хиIатхъэжьркъым. НэгъэщIу ящIэмэ, жэщым фи счетым зыри имылтыжь мэхъу. Сытыт а ахъшэ кьомым ефщIэнур?

-Зы кIэпейкIэ кьэмынэу здэтхьын къздгъуэтынт», - жьыфIэнущ фэ.

Пэжыр жьыпIэмэ, дэтхэнэ зыми диIэщ апхуэдэ банк. Абы зэреджэр - зэманщ. Пшэддкьыжь къэс медан 86.400 кьыдет абы. Жэщ къэси йокIуэдыкIыж. Кьыдэхуэр адрей махуэм хибжэжыркъым. Махуэщ Iэ къэс щIэрыщIэу бжэуэ щIедзэ. Махуэм кьыфхуигъэкIуэта зэманыр къэвмыгъэсэбэныфмэ - хэщIыныгъэр фи Iэрыпхъэщ. Абы къэгъазэ нIэжжьым. Кьыкlэлъыкlуэ махуэми щIыхуэу кьеIыпхIа хъуркъым.

Зыгуэр зэвгъэхъулIэну фыхуеймэ, фи зэманыр тэмэму кьэвгъэсэбэн, фейдэ кьызыныкIын гуэрым хэфхьхьэ. Зы медаими уасэщхуэ иIэщ, ар фIыуэ фIьагъу цIыхум и гъусэу вгъэкIуамэ, кьыфщхъэпэжьын Iуэху зэфIэвгъэкIамэ...

● ЖыIэгъуэхэр

ШыIэныгъэмрэ къарумрэ

- Щ Iыхум куэдрэ ущымытхьу, абы Iуэху мыщхьэпэ кьрикIуэнкIэ хъунущ.
- Гъгъэр бгъэфIэн, пкъымэн хуейщ. Ар гум и щIэгъэкъуэн кьыкъэрымыкIуэщ.
- Лъагъуныгъэм и щэху псори зыщIэр зыгуэр фIыуэ зыльгъагъурщ.
- Хэхъуэм и Iэмал нэхъ тыншыр пщIэнщэу умыгъэкIуэдынырщ.
- Здэдуэм и хеящ э нэхьащхьэр зэманырщ.
- УкIытэр цIыхум напэ зэрилэм щыхьэт техьуэ Iуэхущ.
- ШыIэныгъэр къарум нэхъ рэ нэхъ льапIэщ.
- Къаруракъым пэжымрэ захуэмрэ зыхэлыр, атIэ пэжымрэ захуэмрэщ къару хъужыр.
- ШыIэныгъэм губзыгъагъэмрэ хахуагъэмрэ я гъуэгур кьыпхуэзыIуэх.
- ЗыхьыумыщыкlыIуэхум упэрымыхьэ.
- Щыуагъэр акъылым и яп дерсщ.
- Щэнхабзэр жьлагъуэм и зыужьыныгъэр цIыхухэм я фIэщ зыщIуэхущ.
- Делэм зэрызыщыпхьумэнур щыIэныгъэщ.
- Фэрыщагъэм гуапагъэ кьудей мыхьумэ, зы сэбэпынагъ кьыпэкIуэркъым.
- Ди щхьэ дзыхь зэрыхуэтщIыжыкIр нэхъ мащIэху, нэгъуэщIым жиIэр нэхъыбэу ди фIэщ мэхъу.
- Уи Iэщагъэм хуиIэ льагъуныгъэм узыхуишэр Iэзагъэрщ.
- Гуапагъэм нэхърэ нэхъ кьару льэщ щыIэкъым.
- Iэзагъэр, лэжьыгъэр, льагъуныгъэр зэхьхьэ нэгужь зэчий кьагъэщI.

ХЪУРЕЙ Феликс, *философие щIэныгъэхэм я доктор.*

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Кавказ-бгырыс эскадрон ныкъуэм и адыгэ зауэлIым и фащэ нэхъыс®Iыр щыгъуэ, абы и щыбагъым цIыволъагъу фащэ къызэрыгуэкIкIэ хуэпа зауэлIр.
Сурэтыр **Белоусов Л. А.** *ищIащ. 1832 гъэ*

● Шхыныгъуэхэр

Мэлыл гъэва бжьыныху шыпс и гъусэу

Мэлылыр Iыхьэ-Iыхьэурэ зэпаупщI е зэпаудэ, псы хуабэкIэ ятхэщI, шыуаным иралъхьэ, псы хуабэ щIакIэ-ри мафIэшхэм тету зэ кьыргъэкъуалъэ, тхъурымбэр кьыгтрахьурэ. ИтIанэ мафIэр цIыкIу ящI, шыуаныщхьэр трапIэри хьэзыр хьуху сыхьэт 1,5-2-кIэ ягъавэ, тхъурымбэмрэ дагъэмрэ кьытрахьурэ. Лыр вэным дакъикьэ 20-25-рэ кьэнжауэ, шыгъу бжьын, щы-пIныуэ упщIэтауэ пхъы, губгъуэпхъ тхьэмпитIщы ыалъхьэ. Пы вар лэпсым кьыхамыхьыу бахъэ пщтыырыр ягъакIуэ, итIанэ чымчыркIэ кьыхахьыурэ тепщэчым иралъхьэ. Пщтыру яшх. Iэнэм бжьыныху шыпс и гъусэу трагъэувэ. Пластэ, щIакхъуэ дашх. Лыр яшха нэужь, лэпс пщтыр трафхьыхьж. Абы лэпс тепхъэ хуэпщIми хъунущ.

Халъхьэхэр *(цIыхуищ Iыхьэ):*

Мэлылу - грамм 800

Зэрагъэвэну псыуэ - грамм 800

Шыгъуу - грамми 6

Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - грамм 30

Пхъы укъэбзауэ - грамм 20

Губгъуэпхъуу - узыхуеми хуэдиз.

Адэжьнэ гъэбэкхъа

Адэжьнэр гъэкъэбзауэр пIыхьиплIурэ ящIIатэ, псы щIыIэкIэ ятхьэщI, шыгъу трудэри фIыуэ зэIащI, хьыхьэн щхьэкIэ. ИтIанэ Iыхьхэзэр ягъэжэнхьыж. Тебэ кууклэ тхъур кьагъэпIн, абы адэжьнэм и Iыр халъхьэ, тебащхьэр трапIэкри, мафIэ иным тету зэрагъэдзэкIыурэ ягъажьэ, тхъуэпIэ хъуху. Адэжьнэ гъэжьаэр тебэм кьрахьжри шыуаным иралъхьэ. А тебэм кьинда дагъэмкIэ Iупщ1ауэ упщIэта кIэртIоф ягъажьэ, итIанэ абы бжьыныщхьэ упщIэта халъхьэри, зэIащIэуэ, дакъикьи 2-3-кIэ ягъэлыбжьэ, шыбжий сыр хаудари хьэзыр, тхъуэпIэ дахэ хьуху ягъажьэ. КIэртIоф гъэжьамрэ бжьынымрэ адэжьнэ гъэжьаэр зэрылъ шыуаным иралъхьэ, псывэ тIэкIу щIакIэ, и щхьэр трапIэкри, мафIэ щдабэ дыдэм тету хьэзыр хъуху ягъэбжкъ. Шыуанырпэщхьэкум кьытрахьж, шыбжий хаудэри, и щхьэр тепIауэ дакъикьи 5-6-кIэ щагъэт.

Iэнэм щытрагъэувэнум и дежь зэIащIэ. Яшх пщтыру, пластэ, хьэлIамэ, щIакхъуэ и гъусэу.

Халъхьэхэр *(цIыхуищ Iыхьэ):*

Адэжьнэу - 2

Тхъууэ - грамм 250-рэ

Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - грамми 100

КIэртIоф укъэбзауэ - грамм 300

Псывэу - грамм 200

Шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуеми хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къытхыжащ.

Ди анэм щхьэкIэ ар дауэ пхужьIа?

ИлIыр лIэри, нанэр и закъуэу къэнат. Къуищ иIэти, щыри хэкIауэ унагъуэ щхьэхуэ зырызу псэут. И ныкъщри бзаджэ зэщIэтти, нанэр зыми зрашэлIэн ядэртэкъым. Дэтхэнэми жиIэрт:

- Сыт сэ си закъуэ си гуащэр щIэсIыжьин хуейр?

Апхуэдэу щыхъум, и къуищыр зэхуэсыжри, я анэм унафэ тращIыхьащ зы тхъэмахуэм зым деж, адрей тхъэмахуэм адрейм деж яхьурэ щагъэIэну.

Апхуэдэу екIуэкIыурэ, зэгуэрым, зэщищым я зым и анэр езым и деж щихьым, ефэндыр къыдэкIаеу куэджэм деж щыту илъагъури:

- Фи анэр апхуэдэу щIыбкIэ къевмылхьэкIыу, лIы ефтыжьин хуейщ, - жиIащ.

Зи анэр зи щIыбым ис щIалэм ныкъыигъаээри, ефэндым зыкъыхуигъэгугъащ:

- Iэу, ефэнды, жьы хъуа ди анэм щхьэкIэ ар дауэ пхужьIа?

- Ефэндым имыщIэу уэ нэхъ пщIэрэ! - жиIэри, фызыжьыр ефэндым и щIыбым итIысхьащ.

лIэуэ зэгъэжам и насыпщ

Зэныбжьэгъуэ щIалэжьитI пщыхьэщхьэу я ныбжьэгъу ещанэм деж зыми диIэщ апхуэдэ банк. Абы зэреджэр - зэманщ. Пшэддкьыжь къэс медан 86.400 кьыдет абы. Жэщ къэси йокIуэдыкIыж. Кьыдэхуэр адрей махуэм хибжэжыркъым. Махуэщ Iэ къэс щIэрыщIэу бжэуэ щIедзэ. Махуэм кьыфхуигъэкIуэта зэманыр къэвмыгъэсэбэныфмэ - хэщIыныгъэр фи Iэрыпхъэщ. Абы къэгъазэ нIэжжьым. Кьыкlэлъыкlуэ махуэми щIыхуэу кьеIыпхIа хъуркъым.

Зыгуэр зэвгъэхъулIэну фыхуеймэ, фи зэманыр тэмэму кьэвгъэсэбэн, фейдэ кьызыныкIын гуэрым хэфхьхьэ. Зы медаими уасэщхуэ иIэщ, ар фIыуэ фIьагъу цIыхум и гъусэу вгъэкIуамэ, кьыфщхъэпэжьын Iуэху зэфIэвгъэкIамэ...

● ГъэщIэгъуэнщ

Уи нэр зэтехауэ укъепсыфынукъым

Кхъухьлъатэм ущисым и деж уи щхьэцыр тIукIэ нэхъ дсынщIэу къокI.

Уи нэр зэтехауэ укъепсыфынукъым.

«Чупа-чупс» кIэнфетым и логотипыр зыщIар Дали Сальвадорщ.

Лимоным фошыгъу нэхъыбэ хэлъщ щIымэракIуэм нэхърэ.

Сабийхэр гъатхэм нэхъ дсынщIэу хохъуэ.

Джэдур и гъащIэм щыщу процент 70-м мэжей.

Аплэкэм и бэракъыр зыщIар илъэс 13 хъу щIалэ цIыкIущ.

Инджылыз библиотекээм нэхъыбэ дыдэу кьыщIадыгъукIыр «Гиннесс и рекордхэм я тхылъыр» аращ.

Сахарэ къуымыр 1979 гъэм мазаем и 18-м уэс кьыщсеуэ щытыгъащ.

Зы щхьэц налъэм кьызэ килограммми 3 иIыгъыфынущ.

Пшэхэр Ипщэ Къуэкlыпlэ пlэнжкъуэмкIэ зэи есырхьым.

● Прозэу тха уэсэ

Уэрыншэ дунейм сыщозэш

Созэщ, сыщозэш уэрыншэ дунейм. Сесэжкьым, зикI, уи нитIыр зэрызмыльагъужьнym кьыпхърыкI гугъуэсыжьым. Уебэмэ, сфIэнгъэщ сытебэзхьыкIыжьну уэ ущызимыIэж, ущызмыгъуэтыж дунейм. СфIэгъэщIэгъэну, сфIнасыпу, сфIэфIыгъуэу зыри зытемытыж дуней зеиншафэм. И насыпкъэ уэ узыхуэпсэум, дунейм узыхуэтетым - и кIэныр кIэнщэу, и гурыфIыгъуэр щIэнщэу, и дуней зэфэзэщу уогъэпсэу ар. ЩIэчэ имыIэу, еш умыщIэу уогъафIэ, щIэщыгъэмрэ фIыгъэмрэ я курыкупсэм хогъэс. Гупсысэм я нэхъ Iэфыр, хъуэрэгъэр льогъэс. УщытепlъэкъыкI кьэмахьэу и псэр уохъуэ, и гум къэкI гуапагъэм ухуохьу джэрпэ-джэж. Зы пьэбакъуэ лейуэ пчамэ, утехьэуленкIа кьыпфIэщIамэ, сльэгъуэм хуэдэу сощI, зы бэлыхь кьытепсыха уфIэщIу, гумащIагъэкIэ угъэнщIауэ, уи фIэщыпсрэ уфIэфIыпсу зыбгокъузылIэж. УлIэным хуэдэу фIыщэу уолъагъу. Лъагъуныгъэбэ гуакIуэкIэ уегъэпсапIэ, дамэ кьыптригъакIэм дуней жэнэтыр кьэзыхьыгъэзатэхьэ, уи гъащIэри уи псэри тыхь хуэпщIым хьэзыру дапщэщи ущигъэтщ. ГурыфIыгъуэ мыкIуэщIыжкIэ уи псэр кудащ. Куэду, куэдыкIейуэ гукъыдэж кьыпхеТхьхэ.

Сэ созэш, сыщозэш уэрыншэ дунейм. Сытозашэ си хъуреягъэм щекIуэкI псомИ. КьыдозэзэкI мы щIы зыгъуреIр, кьысщохъу сыщылейуэ мы гъащIэм. Псоми яфIэтельыджэ, яфIэфIэрафIэ, яфIэнэфIэгуфIэ гъащIэ тепIъащхэм. Уэ ущыспсIэщIэ дунейри уэрыншэу кьыпызбжьыкI зэманри сыткIэ льапIэ?! Iутхъхь кьыпхэтгъэкIуэн къэгъанаэ, тепъхъэ хуэсщIыжу хэти естыну сыхьэзырщ апхуэдэ гъащIэр. Ауэ уриуэупсэ хьуну пIэрэ зыгуэрым абыкIэ? ФIэщ щIы гуеийщ псэ зыпыт гуэри абы щыгуфIыкIыну. И псэ гуэгъум хуэныкъуэ зэныту, щIэхьэпс зэфэхьэзщу, мы дунеижьыр и щхьэм кьыфIаIубэми яренуэ нэплъэгъуэ зымыгъуэту псэуну зи нэ кьыхуикI, гъуэтыгъуейщ. Гъэвыгуейщ псэм бдзапIэу кьытещIэ гупсысэ ткIыбжьхъэр, щэчыгъуейщ акъылыр зэщIэзыблэ гуныкъуэгъуэхэр, льыгъэгъуейщ бжьэ зэуа Iэпкъытэпкъыу гур зыгъэбжьыбжьхэмрэ зыгъэбэгэхэмрэ.

Сэ созэш, сыкуозэш уи тепIъэм, уи пльэкIэм, уи псалъэм, уи гуфIэкIэм... Уэ пщыщ псоми сахуозэш. Уэрыншэ гъащIэр сэрэдэ нашIи. Си псыхуэлIэ изых уи макъыр зэхэзымыхьж си тхьэкIымтIыр дэгу пэлъытэщ, гулыгэншэу кьэбгъэна си нитIыр хъуащ хьэфиз.

Созэш, сокIуэщ, согумэщI икIи сесэжкьым... Се-сэжкьым хъуэпсапIи, гугъапIи, теутIи, напIи щызымыIэж, зыкIи сызыхуэмеиж уэрыншэ гъащIэм.

ЖАМБЭЧ Рабия.

Мэлыжьыхьым и 1-р ГушыIэм и махуэщ

Къардэнгъущ Iзырамыку итхыжа хъыбархэр

ефакIуэ макIуэ. Бжьыхьэщ, уэзэхымрэ уэсымрэ зэщIэлъу къоТIэтIэх. Къуажэ уэрамыр кIыфIщ, ятIэщ. Езы тIри махуэ псом лэжьащ. Арцухэкlэ фадэр бзаджэщ, я ныбжьэгъуэм цыриБон яIэу къажриIащи, къуажэжкIэм икIауэ къужажащэм епIэщIэкIыу макIуэхэр. ТIури щымщ. Ауэрэ кхъэм нэсауэ здыблэкIхэм:

- ТхъэмыщкIэхэ, ефи-ешхи зимыIэж насыпышIэхэ, - жиIащ зым кхъэм щIэлъхэм щхьэкIэ.

Зэ нэсынтэкъэ, зэныбжьэгъуитIыр здэкIуэм нэсащ. Ауэ, здэкIуа я ныбжьэгъур дэмысу, куэбжэри гъэбыдауэ хьэри къэутIыпщащэ ирихьэлIащ.

Кьрагъэзыхьжауэ кьохьж. ЩIыIэщ, псыIэщ, ятIэщ. Бжьыхьэ щIыIэр я нэкIуэ къоуэ. ТIури щымщ. Ауэрэ кхъэм къэсжащ.

- Насып зиIэ, хуабэ-хуабэу кхъэм щIэлъхэщ, дэ уэсри къуттеошэу, уэшхри къуттешэу, ятIэри зэхэдутэу дыдэтщ, - жиIащ етIуанэм.

● Фи лъэIукIэ

Хъытех

Мыр адыгэ унэишэм и пкъыгъуэ гъэщIэгъэну щытащ. Абы и кIапэльапэу пльытэ хьуну кьыщIэкIынущ нысащIэр фызыжьхэм я деж щIашауэ абы и щхьэтепхъуэр яIэтуэр щеплыр. Хьытех хабзэр Нэгуэм Шорэ и лъэхъэнэм кьыфIэкIагъэнукъым. Адыгэ хабзэм хуэгуфащIэ Нэгуэм Шорэ и тхыгъэм абы щхьэкIэ зы тIэкIунитIэ кьыхоощыжьар, езы псалъэ «хьытехри» кьыщеткьыр. ЩIэныгъэлIым зэрыжьклэмкIэ, нысащIэм и щхьэтепхъуэр щабэзшэкIэ псынщIэу кьытрапхъуэтыкIын хуейт. Ар кьалэм щащIауэ я ныбтезыпхъуэтыкIын хьытехкIэ едкэрт.

Нэгуэм Шорэ и фIыгъэкIэ хьытех жьыхуэлэм щхьэкIэ нэхъыжьхэм деуплщу кьэдублат, икIи абы щхьэкIэ ди жьыщхьэ махуэхэм ящIэжыр мащIэтэжьым. Дауи, ар нобэрей нэхъыжьхэртэкъым, атIэ хьыщ-блыщ гъэхэм ильэсищэм нэса, абы щхьэпрыбжьэкъуфIэхэрт, адыгэ хабзэм щапIыкIахэрт. Хьытехыу ущытыныр, ар кьыгъуэгъэфащэныр щIыхьыщхуэт икIи дзыюь щхьэхуэт. Абы къыщынэмыщIауэ щынагъэу гуэрхэри пылъу яIыгъэт. Ар ящIэу, хьэгъуэлIыгъуэ зиIэ унагъуэм я нэхъыжьыр щыр хьытех тхуэхъуащэрэт, жиIэу зэхъуапсэм я деж кIуэрти, абы и адэ-анэм ельэIурт, ямыгъэщIэхъуу а хабзэр я щIалэм ирыригъэгъэзэщIэну. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, нэхъапэм хьытехыу щытар щIыхухьущ: щIалэ е лIы. ИужькIэ, унэишэм щыгъуэ ар бзыльхугъэхэм кьапекIуэтэжькIащ. Ар Нэгуэм Шорэ и зэманым иритхьалIауэ кьыщIэкIынущ, сыту жьыпIэмэ, абы зи гугъу ящI хьытехыр щыхубзщ.

Щхьэтепхъуэр щхьэкум и деж кьыщыфIагъанэрти, щабэзмкIэ, нэхъ тэмэму, щабэзшэмкIэ псынщIэу кьытрапхъуэтырт. ИужькIэ ар башIэ кьытрах хьуащ. ШэрджэкIэм апхуэдэ башыр ямыгъэкIуэду зэрахьэрт, нысащIэм сабий игъэтмэ, гуадэрс баш щыгъуэ.

ЦIыхухъуэр хьытехыу щыщытам щыгъуэ абы кьагъэсэбэныр кьамэт, е сэшхуэт. НысащIэм и щхьэтепхъуэр трапхъуэтын ипэкIэ ар бгыкъу гуэрым и лъабжьэм щагъэувэрт. Бгыкъу апхуэдэу щымыIэмэ, щIалэтIым бжэгъу кьащIэрти, абы щхьащIагъэт. Абыкlи зэрфIэкIыртжьым. Щхьэтепхъуэр сэшхуэпэкIэ е кьамэпэкIэ кьытрипхъуэтыным ипэ кьихуэу, щIалэр нысащIэм ельэIурт, зимыхъунщIэну, Iэдэб щыкIыу щытыну. Абы нысащIэм тепхъуэ щхьэтепхъуэм и кум деж Iэщэ иIыгъым и пэр кьыщыфIи-гъэжну зищIырт, зэи, тIэуп. Апхуэдэхэм и деж ар шынэу я кьыIулъэтыным ещхьу зищIырт, итIанэ аргуэру кьытригъаэзуэр щхьэтепхъуэм щэтым ельэIурт, ар губзыгъэ щыкIыу щытыну, зищыIэну, зимыхъунщIэну.

А псори зы джэгуфIэ гъэщIэгъэн гуэрым ещхь хьурт. ЩIалэм и лъэIуэр, кьауI, кьауIуэ зэрыпэтар, кьыIумыльатэмэ, щэнейрэ кьытрагъаэзэрти, еплIанэм щыгъуэ, пэж дыдэу, щхьэтепхъуэр нысащIэм и щхьэм кьытрипхъуэтырти, кьамэкIэ е сэшхуэмкIэ а нысащIэр зи лъабжьэ щIэт бгыкъуэ е абы щхьэщащIагъэ бжьгъум щэ еуэгъуэ еуэрт.

Адыгэ хьэгъуэлIыгъуэм, унэишэм хэкIуэдыкIыжа мы хабзэр гъэщIэгъэнъыщIэ. Абы узэригъэгупсысыр щхьэтепхъуэм щIэт бзыльхуэгъэм Iэщэ иIыгъыу, е абы пэшэгъу иIэу, ар бзаджэ гуэркъэкъым пшащIауэ, щIыхуэ абы щыIыпIэу зэрыщытырщ. ИужькIэ нэгуэгъуэжь джэгуфIэу кьытщыхьуэу кьэна щхьэкIэ, абыхъэм лъабжьэ куэу яIэщ, лъэпкъым кьикIуэ тхьдэ гъуэгуанэм и нэпкъыжьэ хэмыгъуэщэжу кьэнауэ.

МАФIЭДЗ Сэрэбий.

● Унэгуащэхэм папщIэ

Гъуаплъэ хьэкъущыкъукIэ зэрахьэркъым

Хьэцыбанэр кьыщащыпыр жэп теха нужькIэщ.

Япэ зэманым хьэщIэхэм хуаукIыу щытар ильэс ирикIуа ышыщIэт. Абы ял нэхъ щабэхэр щэкIэ ягъавэрт.

А шхыныгъуэр, псом хуэмыдэу и лэпсыр, хуабжьу сэбэпышхуэ яхуэхъурт жьэнуэ зиIэхэм. Лэпсыр хуабэущ зэрырафырр.

Фошыгъуэ уз зиIэхэм я деж Iэ сэбэпышхуэщ щIэрыкIуэ, аму, аижэмыхъэ, андзгурэ укъэбза, кIарц гъэгъа (хужькIыгъэр), яшхьну, кьунд-дэпсо, шкIэпIэ гъэвам и псым ефэну.

Шыбжий сыр зышхрей цIыхур нэхъ акъыл жан мэхъу.

Зи бзэгу кьнхуахэм джэдгьын ущэба жьэдагъэщащэри, я жьэр зэтепIауэ щагъэтщ и нкьжьанэмыр ирикIуа, итIанэ кьажьаздзыж. Ар щащIыр гъуэтыжьыгъэм и деж щ.

Шыл, бабыщыл, кьазыл пшэрхэм кьыхащIыкI шхыныгъуэхэр, абы я дагъэр сэбэп яхуохьу щIыIэ зыхьыхьахэм, жьы зыхурымыкьуэм, жьэн уз зиIэхэм.

ЛкIэмыкуэм, жьэгуфIэкьапхъэм халъхьэну кхъуей щIынэр щыгъу темыдуагъэ тIэкIуэр ягъэтэдж.

КЪУБАТИЙ Борис.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Мариэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Шыдинэ Мариэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэмэ Залинэ, Къардэн Мариэ, Нэщэнэ Замиро, Хьэжьыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Иэз.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбардей-Балкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, еблъэныIэ, ещIанэ кьат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущапlэхэм ядолжностькIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапlэм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-75-78.

Тедлэр тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта IуэхутIыхэм я пажатыжьмкIэ ахэр зытхахэм ящу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хунтыныгъэр хьэмэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балкъэр щIыналъэ Iуэхущапlэм №П-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щыгъэзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэ елъэныкъэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкl Соня, редактор Текlуажь Заретэ, корректорхэм у Афэ Тамар *(3,4,6-нэ пап.)*, Пхытыкl Азэмэт *(1, 2,5-нэ пап.)*, *корректорхэм я фIэныкъуэгъу* Мырзэкьан ФатIимэ. *Компьютерхэм я газетым и тепIэр яIащ* Дол Мариэ, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтхэм елъэныкъэ* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытредзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.172 ● Заказ №807

Псалъэзэблэдз



ЕкIуэкIыу: **3.** Удз джей. **7.** Пхъэщхьэмыщхьэ гъуэжь гуащIэ щыкIу. **8.** Европэм щыщ лъэпкъышхуэ. **9.** Зэнишэ. **10.** Ди лъэпкъыгъуэ щIэрыIуэ: драматургщ, тхакIуэщ, усакIуэщ, художникщ, щIэныгъэлIщ. **14.** «ФIыцIэ» псалъэм и пэкIи ар къэбгъэсэбэн мэхъу. **15.** Ди унафэщIым сельэIуати си ... кьилъэгъуакъым. **17.** Зи ... исым и уэрэд жеIэ. **18.** Зиусхэм лъэпкъ. **21.** Къуалэбзу ущIхъэ. **23.** Iэщ щIыкIу. **24.** Гъавэ, ерыскьыпхъэ хъумапIэ. **25.** Пасэрей Iэщэ зэрыщыдж. **26.** Нэхъапэм нэгъуэщI унаГуэм ирагъэпIу щыта сабий. **27.** Нало Заур и яп Iэщагъэу щытар. **30.** ГъущI быдэ лIэужьыгъуэ. **31.** ... зимыIэм дзажэпкъ иIэщ. **33.** ГъэшхэкI. **36.** Дзыдзэ лъэпкъым щыщ псэущхьэ. **39.** ЕмыкIуэлъэмыкIуэ. **40.** Гъуэгу благъэ ... нэхърэ, гъуэгу ... благъэ. **41.** Пасэрей адыгэ зауэлIщ щагъыIн. **42.** ЗэдзэкIакIуэ. **44.** Колхоз тхьэмадэу щыта, Социалист Лъжьыгъэм и ЛIыхъжь. **45.** Шэджэм районым хиубыдэ къуажэ.

Къехыу: **1.** Бгыпэ е псы Iуфэ льагъэ. **2.** Сабийр ... щIагъэу щытар. **3.** Ерэзы щIыгъуей, щхьэзыфIэфI. **4.** ЦIыхухъуцIэ. Е Щоджэнщ1ыкIу Алий и поэмэ « ... и дыгъуасэхэр». **5.** КъэгъэщыгъуафIэ. **6.** Кавказым щыщ щIалэщIэм теухуауэ М. Лермонтовым итха поэмэ. **11.** ... зытеха къэбзыр нэхъ IэфI мэхъу. **12.** ГушыIэр ... и щIасэщ. **13.** Шым и плъыфэ. **14.** Мывэ блын задэ. **16.** Фадэ стэканыр зэ ... хуэхъуауэ арщ. **17.** Адыгэм зэрахьэу щыта псыльэшхуэ, гъуаплъэм кьыхэщIыкIауэ. **19.** Хэтхэ я янэ ... тес? **20.** Нартыхьу гъэдыгъуа хьэжьыгъ. **22.** ... цIыкIу бжьакъэшхуэ. **28.** ... пыIэ. **29.** «Хьэлэл фхузощIыр, фытIыси фышхэ, лIы ... сэ фхуэзгъэжьащ» - ПщынокIуэ БетIалрэ Мысачэ Петррэ яуса, ПащIэ Ахьмэд и гъэзащIэ уэрэдым щыщщ. **32.** Зи купсэр нэщI удз iIуэжьыгъуэ. Якъэсэ зурэ ящх. **34.** Пасэрей гъущI пыIэ. **35.** Мусльымэнхэм я махуэ льапIэ. **37.** Купкъ иныфI зэрылъ пхъэщхьэмыщхьэ. **38.** Вы ... е теплъэнщэ, фэнщэ. **43.** ... гъуэншэдж. Е мэлыщ щабэ. **44.** Насрэн ЖьакIэ Iуащхьэмахуэ езыIулIа тхьэпэлъытэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Гъатхэпэм и 23-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **2.** Хьэкъ. **5.** ЧыпIэ. **6.** Аркъэн. **8.** Мыл. **11.** Пщыгъуэщ. **12.** Мэзыхьэ. **14.** Бащэ. **15.** Щам. **17.** Кьат. **19.** Убых. **23.** Табын. **24.** Обамэ. **25.** Джэлэс. **28.** Кьауц. **29.** Тхьгуэ. **32.** Бэшэч. **34.** Лагъым. **36.** ПщыкIи. **38.** Хъурмэ. **39.** Екьу. **41.** Блэ. **42.** Лэгъуп. **45.** Хъарбыз. **46.** Аргъынэ. **47.** Рим. **48.** Абазэ. **49.** Индыл. **50.** Джей.

Къехыу: **1.** Бытыр. **2.** Хьэмпшэ. **3.** Къалмыкъ. **4.** Хьэзыр. **7.** Iупэщабэ. **9.** Хьэмбылу. **10.** Щэбэт. **13.** Хэхэс. **16.** Ало. **18.** Афэ. **20.** Хъун. **21.** Къашыргъэ. **22.** Удж. **26.** Ауз. **27.** Пхъужь. **30.** Ашэмыкъэ. **31.** Дыхьэрэн. **32.** БыхьутIэ. **33.** Чы. **34.** Лыжь. **35.** Мел. **36.** Пхьу. **37.** КIапсэ. **40.** Уэзрэдж. **41.** Бжьамий. **43.** Курыбэ. **44.** Дыжьын.

Мы къыдэкIыгъуэ елъэныкъэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкl Соня, редактору Текlуажь Заретэ, корректорхэу Афэ Тамар *(3,4,6-нэ пап.)*, Пхытыкl Азэмэт *(1, 2,5-нэ пап.)*, *корректорхэм я фIэныкъуэгъу* Мырзэкьан ФатIимэ. *Компьютерхэм я газетым и тепIэр яIащ* Дол Мариэ, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтхэм елъэныкъэ* Бицу Жаннэщ.